№9 (19893) hakikat_gazeta hakikat1917@mail.ru hakikat.info

АССАЛАМУ ГӀАЛАЙКУМ

# ХӀАКЪИКЪАТ

МАГӀАРУЛАЗУЛ РЕСПУБЛИКАЯЛЪУЛАБ КАЗИЯТ

8 март 2024 с.
рузман

ЧӀУЖУГӀАДАН

## Кьун буго дуй ракьалъ чIужугIаданлъи


Камиль Чутуевасул сурат

ЦIуриса ХIурия Кантулова, 1971 сон

Дунял бижаралдаса нахъе рижарал ратила Бакълъухъа шагIир ЖабрагIил ХIасановасги такрар гьарулел рукIарал гьал рагIаби:

**ЛъачIо гIицIго щайзе, сонал анагIан,**
**ЙичIчIуларей дида мун, чIужугIадан…**

Дунял бижаралдаса нахъе рижарал ратила бихьиназулги руччабазулги ихтияразда тIасан бахIсалги, лъидаса щив къуватав (й), бажари бугев (й) кколел абурал суалалги. Амма лъица щиб биcаниги:

**…Дие, шагIирасул шапакъат гIадин,**
**Кьун буго дуй ракьалъ чIужугIаданлъи.**
***(Ж. ХIАСАНОВ)***

Гьеле гьеб чIужугIаданлъи кьун букIиналъ гурелищ ракьалда жакъаги некIоги дунял берцинлъараб ва сахаватал наслаби рижарал. Наслу лъикIал руччабаз рижарал гьединалго бихьинал гурелищ жакъаги некIоги къватIиса тушманасе сангарлъун чIарал?

ТIаде къо ккарабго, бараб ахIульги, ахIараб бодульги хIинкъи-къай лъачIого, бихьиназда бащадаб бахIарчилъиги бихьизабун тарихалда меседил цIарал хъвана Гъумекиса Парту-ПатIималги, ГIашилтIаса Ханзадалги, гIурусазухъе кверде инарилан Нух гьечIеб гохIдаса гьалдолеб гIурулъе кIанцIарай Шамилил яц ПатIиматилги, жеги нус-нус руччабазулги.

Хазаразул Каганаталъул тIоцеесей хан Бойрангъыз, Аваристаналъул Баху-Бика, Дербенталъул хан Тути-Бика гIадал руччабаз гурищ пачалихъ хIисабалда ясбер кинигин Дагъистаналъул ракьал цIунарал?

Гьедин кида ва кинаб къо Дагъистаналдегун Россиялде бачIаниги, тарихалъулъ, экономикаялъулъ, маданияталъулъ, спорталъулъ нилъер руччабазул лъалкI камураб бакI гьечIо.

Гьединго жамгIиябгун политикияб гIумрудулъ бахIарчилъи бихьизабичIониги, аза-азар дагъистанияй йиго жиде-жидер росу-ракьги, рукъ-бакIги дандеги бачун, жиде-жидер хъизамазул, тухумазул гъанситоги цIунун. Жакъа къоялъул роцадухъ балагьун, гьелда жанибги буго гIураб бахIарчилъи.

Сахлъи нужее!

***Зульфия ХIАЖИЕВА,***
***«ХIакъикъаталъул» бетIерай редактор***

АДАБИЯТ

### «Гордухъги чIун бацIцIина цIоролеб магIил горо»



6 гьум. >>>

ЧУТУЕВАСУЛ СУРАТАЛ

### «Квешаб сурат бахъизегIан, бахъичIого тани лъикI»



8 гьум. >>>

РУЧЧАБАЗУЛ КЪОЯЛДЕ

### Йоял, баркула нужеда!



16 гьум. >>>

# Президентасул хитIаб ва хIакъикъиял ишал

**ДРялъул бетIер Сергей Меликовас тIобитIараб данделъиялда рорхана республикаялъе кIвар бугел гIезегIан суалал. Масала, дагъистаниязул хитIабазе пачалихъиял идарабаз жаваб кьей, МахIачхъалаялда токалъул масъала тIубазаби, Халкъазда гьоркьосеб руччабазул къо кIодо гьаби ва Хъизамалъул лъагIел тIобитIи, гьединго «Шагьаралъул санагIатаб сверухълъи гIуцIи» абураб миллияб проект гIумруялде бахъинаби.**

**Данделъи рагъулаго, С. Меликовас ракIалде щвезабуна РФялъул президентас Федералияб собраниялде гьабураб хитIаб ва абуна хIакъикъиял ишаздалъун гьелъие жаваб кьезе кколинги.**



## «Хъизам» - аслияб проект

Дагъистаналда буго гIемерал лъимал ругеб 125 азарго хъизам. «Хъизам» абураб миллияб проект хIадурулаго, хIисабалде росизе ккола гьезие квербакъи гьабиялъе хIажатал тадбиралин абуна С. Меликовас. Социалиял хъулухъазул берзукь кидаго рукIине ккола СВОялда васал чIварал хъизамазул улбулинги абун, дагьалъ цебе Гъизляр районалда цIадул балагьалде ккараб хъизамалъеги кумек гьабеян лъазабуна гьес.

Анкьида жаниб республикаялъе нухмалъи гьабиялъул централде (ЦУР) хитIаб гьабун буго 1400 чияс. Гьезда гьоркьоса 946 хитIаб битIун буго пачалихъиял идарабазде, 456 – муниципалитетазде ва 297 – сурсатаздалъун гIадамал хьезарулел идарабазде.

## Токалъул гIузраби

«Россети Северный Кавказ» ПАОялъул генералияв директорасул тIоцевесев заместитель Виктор Абаимовас бицана МахIачхъалаялда гьабураб хIалтIул хIакъалъулъ. КъачIан руго 35-110 кВ кьолел токалъул мухъазул 153 километр, токалъул хIубалгун кварал ва къуваталъулал трансформаторал, 0,4-10 кВ кьолел мухъазул 475 километр, къуваталъулаб токалъул лъабго трансформатор, коммутациялъулаб 394 аппарат, 621 ТП ва 1-2 габариталъулаб 100 трансформатор. Гьелда харж гьабун буго 546 миллион гъурущ.

Россиялъул хIукуматалъ республикаялъе къуна миллиардгун кIинусго миллион гъурущ. Гьеб гIарцудаса микьнусго миллион гъурущ харж гьабун буго МахIачхъалаялда гьабураб хIалтIухъ. Капиталияб къагIидаялъ къачIана 22 фидер, хисана кабелалъул 22 км, къачIана 10 кВ къуват бугеб токалъул мухъазул 33 км, трансформатор лъураб 142 пункт – гьениб хисана къуваталъулаб 82 трансформатор. «Компас» ва «Юго-Восточная» абурал подстанциязда рукIарал трансформаторазул бакIалда лъуна жеги къуват цIикIкIарал ва «Махачкала-110» подстанциялда – 25 МВА къуваталъул лъабабилебги трансформатор.

«Россети Северный Кавказ» ПАОялъул филиаллъун кколеб «Дагъэнергоялъул» директор МухIамадхIабиб МухIумаевас абуна 30 соналъ рехун тараб токалъул магIишат циндаго рукIалиде бачIинабизе захIматаб иш бугин. «Гьединлъидал исана загьирлъана гIемерал масъалаби. Гьел тIуразариялъе, ДРялъул бетIер Сергей Меликовасул гьариги къабул гьабун, улкаялъул президентас тIадкъана Дагъистаналъе хIажатаб кумек гьабеян абун», - бицана М. МухIумаевас.

«Россети Северный Кавказалъул» ПАОялъул генералияв директор Роман Левченкоца абуна, жеги миллиардгун щуго миллион гъурущ компаниялъ харж гьабизе бугин токалъул мухъал къачIазеги гьезие хъулухъ гьабизеги. 150 миллион гъурущде росизе руго токалъул мухъазда ккарал гIунгутIаби тIагIинариялъе санагIатал машинаби.

## Руччабазул къоялде

Хъизамалъул лъагIеллъун исанасеб сон лъазабун бугелъул, кIвар кьолеб буго СВОялъул гIахьалчагIазул хъизамазе, чIварал рагъухъабазул улбузде, лъудбузде, захIматалъул ветераназде, Россиялъул БахIарзазул къоролзабаздеян бицана ДРялъул бетIерасул Жанисеб политикаялъул ва бакIалъулаб нухмалъиялъул управлениялъул начальник Н. Беламерзаевалъ.

10 ва цIикIкIун лъимер гьабурал улбузе пачалихъиял шапакъатал кьезе ругин лъазабуна С. Меликовас.

> Исана загьирлъана гIемерал масъалаби. Гьел тIуразариялъе, ДРялъул бетIер Сергей Меликовасул гьариги къабул гьабун, улкаялъул президентас тIадкъана Дагъистаналъе хIажатаб кумек гьабеян абун

## Шагьаралъул цебетIей

Дагьалъ цебе ахIи бахъана МахIачхъалаялда, Вузалъулаб хIорил рагIалда минаби разе байбихьулеб бугин абун. «Республикаялъул бетIерас бицунеб буго цебетIей букIунеб куцалда хIалтIизе кколин абун. ГIемертIалаяб мина балеб бугони, аскIорго рукIине ккола лъималазеги чIахIиязеги хIухьбахъиялъе санагIатаб бакIги, тукенги, цогидал бакIалги. Гьебго заманалда баккулеб буго пуланаб бакIалда цо чанго мина базе бугин абураб хабар. Дица бицунеб жо рагIуларогойищ бугеб? Кинаб хIасил букIунеб гьединаб хIалтIул?» - ан кIалъана ДРялъул бетIер.

## «Дагъистаналъул бахIарзазул заман»

Гьединаб цIаралда гъоркь республикаялда хIалтIизе буго кадрабазулаб программа. Гьелда рекъон СВОялъул гIахьалчагIазда гьоркьоса рищизе руго пачалихъиял идарабаздаги компанияздаги хIалтIизе бокьарал гIадамал. Гьезие рес кьезе буго РАНХиГСалда цIализе ва пачалихъияб нухмалъиялъул къагIидаби лъазаризе.

## Шагьарал берцин гьари

Гьеб рахъалъ хIалтIи гIуцIун буго «Жилье и городская среда» абураб миллияб проекталда рекъон. Гьабураб хIалтIул хIакъалъулъ бицана ДРялъул ралел бакIазулгун архитектураялъул ва ЖКХялъул министрасул ишал тIуралев Александр Нестеровас. Гьесул баяназда рекъон, 2024 соналда шагьаралъулаб 10 округалдаги 27 районалъул 53 росулъги сверухълъи берцин гьабиялъул мурадалда биччазе буго 954 миллион гъурущ.

ГIумруялде бахъинабулеб буго ТIолгороссиялъул VII-абилеб конкурсалда бищун лъикIаб проектлъун тIаса бищараб «Рича – мугIрузул рекIелъ некIсияб шагьар» абураб проект. Гьебго конкурсалда бергьенлъи щун букIана Буйнакск ва Гъизилюрт шагьаразул проектазеги. Гьезда рекъонги хIалтIи гьабулеб буго.

***Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА***

## БахIарзал кIочонаро

Совет Союзалъул бахIарчи МухIамадзагьид ГIабдулманапов гьавуралдаса 100 сон тIубаялъул хIурматалда, МахIачхъалаялъул №35 гимназиялъул ТОКСалъул отряд ва гьелъул нухмалъулей Д. ГIабдулкъадировагун цо-цо мугIалимзаби рачIун рукIана ГIахьвахъ районалде.



Районалъул бетIер МухIамад МуртазагIалиевас исанасеб сон лъазабун буго гьев БахIарчиясул лъагIеллъун.

КIаратIаса М. ГIабдулманаповасул цIаралда бугеб сквералда гьелгун дандчIвана районалъул жамгIиял хIаракатчагIи ва школазул цIалдохъаби.

БахIарчиясул гIумруялъул хIакъалъулъ бицана гьесул гIагарлъиялъ. ЦIалдохъабаз кучIдул рикIкIана, «Каратинка» абураб къурдул коллективалъ «КъункIраби» кечI ахIана.

ЦIалдохъабазе патриотикияб тарбия кьуралъухъ №35 школалъул администрациялъе Баркалаялъул кагъат къуна районалъул бетIерасул заместитель С. Сурхаевас.

Гьалбал рачана районалъул музеязде ва бахIарчиясул эбел-инсул мина букIараб бакI бихьизе. Гьединго щвана имам Шамилил вас Жамалудин вукъараб бакIалде зиярат гьабизеги.

№35 гимназиялъул цIалдохъабигун цадахъ «Тепло души» абураб акциялда рекъон, хIадурана нилъерго аскариязе хандакъазда ракулел хIедучирахъалги.

МухIамадзагьид ГIабдулманапов гьавуралдаса 100 сон тIубаялъул хIурматалда бахIарчиясул ракьцоялгун №35 гимназиялъул ТОКСалъулаз цадахъаб фильм бахъизе ракIалда бугинги бицана гьениб.

* * *

ГIахьвахъ районалъул ЦТКНРялъул гIолилазул библиотекаялда СВОялъул гIахьалчагIазул лъудбуздагун ясазда ва гIемерал лъимал ругел улбузда руччабазул байрам баркараб тадбир тIобитIана.

Хъизамалъул лъагIел букIинги ракIалде щвезабун, руччабазда микьабилеб март баркана районалъул бетIерасул заместитель Сурхай Сурхаевас ва абуна: «Баркала нужеца гьабулеб тIалабалъухъ, бачараб захIматалъухъ, лъикIлъиялъухъ. Кидаго талихIаллъун ва хириаллъун рукIа. Биччанте нужее кверабакъиялъе нужер бихьинал кидаго хьолбохъ рукIине. Лъималаздаса рохун хутIаги», - ян.

Руччабазда баркана ва ракI батулел рагIаби абуна РФялъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан Денга Махиевас, ДРялъул мустахIикъай учитель, захIматалъул ветеран Каримат ГIабдулбасировалъ.

Руччабазе сайгъат гьабураб тадбиралда культураялъул хIалтIухъабаз ва цIалдохъабаз кучIдулги ахIана. Байрамалъулъ гIахьаллъарал руччабазе районалъул бетIер МухIамад МуртазагIалиевасул рахьалдасан сайгъаталги къуна.

***П. СУЛТIАНОВА***

# Нух кье, нух кье кьураби...

## Дунял рагIалдаса бахъаралги рачIана гIолилал Россиялъул югалде

**6 марталда Сочиялда тIобитIана ГIолилазул фестиваль. Дунялалъул батIи-батIиял пачалихъаздаса рачIарал гIолилаз гIахьаллъи гьабураб тадбир букIанин гьебин бицана фестивалалда гIахьаллъи гьабураз. ДРялдасаги нусгоялдасаги цIикIкIун чияс гIахьаллъи гьабуна гьелда.**




Фестивалалде вачIун вукIана улкаялъул бетIер Владимир Путинги. ГIолилазда цеве вахъун кIалъалелъул гьес абуна улкаялъул метерисеб къоялъул къисмат нужеда бараб бугин. Гьединлъидал ракIалда ругел мурадал загьир гьаризе нечогейин ва хIинкъугейин абун.

Президентасул тIолабго кIалъаялъухъ гIенеккизе бокьарал раккизе бегьула интерненталде, гьениб батила фестивалалъул хIакъалъулъ мухIканго хъван.

Жакъа нижеца кьолеб буго гьеб тадбиралда гIахьаллъи гьабурал цо-цо дагъистанияз загьир гьарурал пикраби.

**Камил СагIидов, Дагъистаналъул гIолилазул ишазул рахъалъ министр:**

- Аргентинаялдаса, Чилиялдаса, Францаялдаса, Великобританиялдаса, Алжиралдаса, Китаялдаса, Португалиялдаса, Испаниялдаса, Германиялдаса ва цогидалги улкабаздаса гIемерал гIолилал рачIун рукIана гьенире.

Фестивалалъ гIагар гьаруна миллат, мацI ва дин батIиял гIолохъаби. Амма пикруги ишалги цогоял. Цоцазулгун гьоркьорлъаби жеги щула гьаризе къотIигун ратIалъана ниж. Нижеца гьел ахIила Дагъистаналдеги. Нилъер республикаялдаги гIемер тIоритIулелъулха батIи-батIиял тадбирал.

**Азнаур ГIабдурашидов, «Дагъистан» РИАялъул хIалтIухъан:**

- Нижгун дандчIвана Россиялъул тIалъиялъул вакилзаби. Президентасул кIалъаялъ киназего асарги гьабуна. Миллатазда гьоркьосеб ахIвал-хIалалда хурхун лъикIаб кIалъай букIана Дагъистаналъул бетIерлъун вукIарав Владимир Васильевасул. Гьениб, нилъер халкъалъул мисалги бачун, Дагъистанги рехсана гьес.

Фестивалалъул аслияб мурад букIана гIолилал данде гьари, гьел цолъизе нухал ралагьи. Нилъеда сверухъ гIемерал хиса-басиял кколел руго, рагъкьал гIемерлъун буго. Гьеб балагьалъул хьуцIикье ккечIого рукIинелъун, гIолилазул ишалги къасдалги баракатаб хIалтIуде руссине мурадалда тIобитIараб тадбир букIанин тана дица гьеб.

РФялъул Федералияб Собраниялде гьабураб хитIабалда Владимир Путиница лъазабун букIана «Россиялъул гIолилал» абураб цIияб миллияб проект хIалтIизе биччазе бугин абун. Гьелъул байбихьи букIанин абизе бегьула Сочиялда тIобитIараб фестиваль. Дагъистаналдаги гIолилазул хIаракат цебетIолеб буго. Щибаб районалдагун шагьаралда руго гIолилазул гIуцIаби. КIудияб бутIа лъола гьеб хIалтIулъ волонтеразги.

*«Нух кье, нух кье, кьураби. Ниж гIолохъаби руго»,* - ян хъван букIана ХIамзатил Расулица. Гьелъухъего, гIолохъабазда баракат лъеги!

***Ашахан ЮСУПОВ***

## БитIизаби

**«ХIакъикъат» газеталъул микьабилеб номералда къватIибе араб «Хъизамалъул гьуинлъи - рукъалъул хазина» абураб макъалаялда гъалатI биччан буго.**

**«Гьесие сайгъаталъе кьураб таманчаги «БагIараб байрахъ» орденги жеги нахъе цIунун буго» абураб жо битIараб гьечIо. Нижер мухбиралда гьеб мекъи бичIчIун буго. Гьарула тIаса лъугьаян.**

## Лъазаби

**Утерянный диплом о высшем образовании № 107724 2104516, выданный 6 июля 2018 года на имя Гаджиева Нурмагомеда Шамильевича Махачкалинским филиалом Федерального государственного бюджетного образовательного учреждения высшего образования «Московским автомобильно-дорожным государственным техническим университетом (МАДИ)» г. Москвы, считать недействительным.**

* * *

**Утерянный аттестат на имя Абдулмагомедова Магомеда Ахмедовича, серия 05АБ N 00622988, выданный 29.06.2012 года Хоточинской СОШ Гунибского района Республики Дагестан, считать недействительным.**

# Кинабго бараб буго бакIалъулаб нухмалъиялда

**Гьал къоязда МахIачхъалаялъул №57 школалда тIобитIана республикаялъул жамгIиял хIаракатчагIазулги лъидаго рачIел СМИязул журналистазулги дандеруссин. Гьелда гIахьаллъана РФялъул Пачалихъияб Думаялъул депутат Сайгидпаша ГIумаханов, ДРялъул сахлъи цIуниялъул министр Татьяна Беляева, МахIачхъалаялъул №1 больницаялъул бетIерав тохтур, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат ХIажимурад Маллаев, ДРялъул лъай кьеялъул ва гIелмуялъул министрасул тIоцеесей заместитель Аида ТIалхIатова. Данделъиялда бицана сахлъи цIуниялдаги лъай кьеялдаги ругел масъалабазул хIакъалъулъ.**

**Аида ТIалхIатова:** *«Нижеца муниципалитетазул лъай кьеялъул идарабазул нухмалъулезухъе кагътал ритIана, гIицIго рахьдал мацI хIисабалде босараб цIалул план тIаса бищеян абун. Амма чанги школалъ тIаса бищун буго рахьдал мацIалъе дагьал гурони сагIтал рихьизаричIеб цIалул план, ай инкар гьабун буго рахьдал мацI малъиялдаса. Нижеца гьединал школазул нухмалъулелгун хIалтIи гьабулеб буго».*




Сайгидпаша ГIумахановас гьелда гьикъана, школазда Дагъистаналъул тарих малъулеб бугищан. Гьелъ жаваб кьуна Дагъистаналъул тарихги географияги Россиялъул тарихалъулги географиялъулги дарсазда цадахъ малъулин абун. *«Географиялъул дарсида 30 минуталъ бицуна улкаялъулго ва 15 минуталъ – регионалъул географиялъул хIакъалъулъ. Гьединго малъула тарихги. Росун руго гьел дарсал кьезе цIалул тIахьалги»,* - ян жаваб кьуна гьелъ.

Амма гьеб жавабалда разилъичIо С. ГIумаханов: «Федералиял программаби ругинги абун, тIаса бихьизабизе бегьуларо гьеб масъала. Дида кинго бичIчIуларо, щай батIаго букIине бегьулареб гIагараб ракьалъул тарихалъулги географиялъулги дарсал? Кинго разилъуларо дун, анкьида жаниб цо дарсги кьун, рахьдал мацI малъулеб къагIидаялда. Гьеб ахIвал-хIал битIизабиялъе хIаракат гьабизе ккела министерствоялъ», - ан абуна гьес.

Школалда цIали гIуцIиялъул иш хIакъикъаталдаги бараб буго муниципалитеталъул ва школалъул нухмалъиялда: гьез тIаса бищула цIалул план ва гьабула хIукму – регионалияб компоненталъе бихьизабураб заман кинаб дарсие кьелебали.

***Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА***

**Хириял руччаби!**

«Россиялъул халкъазул ассамблея» жамгIиябгун пачалихъияб гIуцIиялъул регионалияб отеделениялъ баркула нужеда 8 март!

Гьаб гьайбатаб ихдалил байрамалда гьарула нужее рокьи, рекIее парахалъи ва гьабулеб ишалъулъ икъбал! Дагъистаналъул чIужугIадан мустахIикъай йиго ригьнал талихIалъе ва лъикIаб гIумруялъе. Биччанте нужер дугIаялъул баракаталъ ВатIаналъе гIоло гьарулел рагъулал ишазе ахир лъезе!

Баркула нужеда байрам!

***ХIурматгун Зикрула ИЛЬЯСОВ***

**ХIурматиял магIарулал! «ХIакъикъат» газеталъул гьудулзаби!**

Газеталъул редакциялъе бокьун буго нужеда дандбазе биологиялъул гIелмабазул доктор, профессор ИсхIан МухIамадовас ДРялъул хIукуматалъул председатель ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовасде кагътидалъун гьабураб хитIабалда бугеб. Хъвай, кIалъай нижехъе, нужерго пикраби рицун.

«ХIакъикъат» газета Расулил суратaлдалъун берцин гьаби.

ХIурматияв ГIабдулмуслим МухIудинович!

2023 соналда нилъер улкаялда кIодо гьабуна ХIамзатил Расул гьавуралдаса 100 сон тIубай. ТIоритIарал тадбираз цоги нухалда бихьизабуна халкъалъе шагIирасул кIодолъиги хиралъиги. Гьев хутIана Дагъистаналъе ватIан бокьиялъул кIудияб мисаллъун. Гьес кIвар кьолаан миллиял мацIал цIунун ва церетIун рачIиналде. Хадусел гIелазде васигатги гьабуна гьес, рахьдал мацIал цIунеян абун.

Жиндирго творческияб биографияги гьес байбихьана гьаб газеталда мухбирлъун хIалтIиялдаса. Гьеб киналъулго хIисаб-суалги гьабун, дие бокьун буго гьадинаб пикру загьир гьабизе: лъикIаб букIинаан «ХIакъикъат» газеталъул логотиплъун Расулил суратги гьабуни.

# Кисан хьвадун лъикI?

**«ХIакъикъат» газеталъул редакциялда данделъун рукIана магIарул гIелмиябгун творческияб интеллигенциялъул вакилзаби. РакIалда ругел мурадазул бицине, пикраби дандразе, гьабулеб-толелда бан гIакълу цIехезе гьединал гьалбал ахIулеб гIадатги букIуна нижер.**

**Редакциялде рачIун рукIана магIарулазул машгьурав публицист, хьвадарухъан, Авар театралъул нухмалъулев МухIамад БисавгIалиев, ДНЦялъул тарихалъул ва этнографиялъул гIелмиял хIалтIухъаби: тарихиял гIелмабазул кандидат ШагIбан ХIапизов, МухIамад ШейхмухIамадов, филологиял гIелмабазул доктор, ДРялъул Хьвадарухъабазул союзалъул авар секциялъул нухмалъулев МухIамад МухIамадов, шагIир Залму Батирова, жамгIияв хIаракатчи, политикиял гIелмабазул доктор Камил Ланда.**

гIемер интересал макъалаби данде ракIарун руго гьес.

ЛъикIаб букIинаан гьел церегосел газетазул архив электроннияб форматалде буссинабун, бокьараб заманалда телефоналдасацин цIализе бегьулеб къагIида гьабизе.

**МухIамад МухIамадов:**

- Газеталъул хIалтIи къучIдасанго хисизабизе кколин дица абиларо, хIалтIи гьабулеб буго. Амма бугониги цо цIилъи речIчIизабизе, цIияб хIухьел чIвазабизе хIажатаб




Ахираб заманалда редакциялъул хIалтIулъ ккарал хиса-басиязул хIасилазда рекъон, магIарулазул цого-цо бугеб миллияб басмаялда дандчIвалел захIмалъабазул суалал рорхана данделъиялда. «Этномедиахолдинг» гIуцIаралдаса нахъе киналго миллиял редакциял гьелда гъорлъе руссинаруралдаса чанги хиса-басиял ккана. ХIалтIухъабазул штатал къокъ гьаруна, газеталъул гьурмал дагь гьаруна. Гьелдаго цадахъ цIалдолезул кагътал дагьлъана, гьезулгун букIараб бухьен загIиплъана. Гьелъул хIакъалъулъ бицана отделалъул редактор Пайзула Пайзулаевас.

Гьединал хиса-басиялги рукIаго, кинаб къисмат букIинеб газеталъул метерисеб къоялъ? Щиб хисизабун лъикI редакциялъул политикаялда жаниб, кинаб нухдасан ани нилъеда цIунизе кIвелеб 106 сон бараб миллияб басма? Гьединал суалал лъуна гьалбадерида цебе газеталъул бетIерай редактор Зульфия ХIажиевалъ. Гьанир къолел руго гьез къурал жавабал.

**МухIамад БисавгIалиев:**

- Киналго нанотехнологиялгун социалиял гьинал церетIураб, жакъа кибехун ккарабги лъугьабахъин ва цIияб хабар щуго секундалда жаниб дунялалъул бокьараб бакIалде щвезабун бажарулел сурсатал ругеб мехалъ, цIияб хабар къватIибе къолеб информациялъул алатлъун газета хутIун гьечIеблъи нилъеда лъала ва бичIчIула. МагIна гьечIо жакъа республикаялда ккарал лъугьа-бахъинал анкьидасан гурони къватIибе бачIунареб газеталдаса цIалдолезухъе щвезаби.

Гьединлъидал, дир пикруялда, газеталъе жакъа бищунго лъикIаб нухлъун буго цIиял проектал ургьи. Мисалалъе, «Миллат» газета биччалеб заманалда нижер букIана «Тарихалда лъалкI тарал магIарулал» абураб проект. Гьелъие аслияб хIалтIи гьабулаан ШагIбан ХIапизовас.

Щибаб темаялъул жиндирго цIалдолев вукIуна. Цоясе тарих бокьула, цогиясе маданияталъул букIуна интерес, лъабабилесе магIарул росабазул къисмат, гьезул тарих, жакъасеб гIумру, гIадамазул рукIа-рахьин ва гьеб гуреб цогидабги. ПалхIасил, чанго батIияб тема, рубрика буго жакъа цIалдолесе интересаб.

Хасаб пикру, авторасул колонка гIадал макъалабаиги хъвазе бегьилаан, эркенго хъварал макъалабазда хадуб пачалихъалъул хъаравуллъиги хIукуматалъул законги гьечIебани. Дагъабниги санагIат гьечIого къватIибе къураб эркенаб пикру, мекъи таржамаги гьабун, хасал чагIазухъе щвезабун, законалъул квачIикье ккезе рес буго жакъа. Гьединлъидал бегIерал бокIналги жалго тун, нилъеде гIайиб щолареб темаялда хьвадарун, дагьаб цIодорго хIалтIизеги лъани, кIола цIалдолесухъе нух бахъизе.

**ШагIбан ХIапизов:**

- Жакъа дагьаб цIикIкIун кIвар магIарухълъиялде, гьелъул тарихалде, магIарул росабазул хIакъалълъ макъалаби цIикIкIун хъвалел ругони, дида ккола цIалдолел цIикIкIинин.

Мисалалъе, газеталъул цебесеб архивалдаса росун къезе бегьилаан лъикIа-лъикIал макъалаби. Пайзулагьица хъвараб «Заманаялъул матIу» абураб тIехь дица гьираялда цIалана, гьенир тIаде ракIцIалел, хIалалда буго миллияб басма. МагIарухъ чIунтулел рукIарал, гьанже цIигьарулел ругел росабазул гIемер хьвани лъикIаб букIинаан. Гьединго гьунар бугеб гIолохьанаб гIел буго нилъер, гьел загьир гьаризе къваригIун буго кIванагIан.

Жакъа нилъ гIицIго спортсменазулги, гьезие щварал бергьенлъабазул бицун хутIун руго. Гьелда дандечIарав чи гуро, амма цогидаб бутIаялда бажари бугел гIолилалги дагьал гьечIо. ГIелмуялда жаниб тIокIлъи босарал, умумузул пиша рехун течIел, магIарухълъи цебетIезабулел, гьенир магIишат гьабун ругел гIолохъаби руго. МацIалъул, адабияталъул темаги буго жакъа цIакъ кIвар бугеб. Гьелъул гIемер хьвазеги хьвана, амма къо бахъанагIан гьелъул даража нахъе кколеб буго. Умумузул мацI дагьдагьккун кIочонеб буго. Гьединал руго нилъер жакъасел гIузраби. Гьезде цIикIкIун кIвар кьезе ккела газеталъги гьеб цIалулезги.

**Камил Ланда:**

- Жакъа гьаниб гIезегIан пайдаяб хабар бицана. Дица тIаде жубала, газеталъе жакъа цIакъ хIажат руго креативиял, цIиял макъалаби. Гьумер цIурал макъалаби цIалулел гьечIо. Гьединлъидал къокъго, магIнаялда хьвалеб бугони, дида ккола цIияв цIалдолев ватизе кIвелин «ХIакъикъаталдайин» абун.

ДРялъул Халкъияб Собраниялда ругел нилъер депутатазги кIвар кьуни бегьилаан гьеб суалалде. Гьезул щивасул рокъоб, хIалтIуда букIине ккела газета. Гьедин букIана СССРалъул заманалда. Бокьилаан газета киназулго гьудуллъун букIине.

## Мажгитазда кьерал берцин гьарурал

**4 марталда МахIачхъалаялъул Гьудуллъиялъул минаялъуре ракIарун рукIана гIемерал лъимал. 40 къоялъ камичIого рогьалил какде, жамагIаталде мажгиталъуре хьвадарал гIисинал гIолилал рукIана гьел. Киназдаго ракIалда батила Палестинаялъул Гъазаялда ругел бусурбабазе дугIа гьабизе, рогьалил какде рачIун гIадамаз кьабун цIун мажгитал рукIараб куц. Гьеле гьезда гьоркьор рукIарал лъимал ккола гьел.**

Жеги гьитIинго ругониги, рекIелъ иманги щулалъун, чIахIиязда цадахъ щибаб къоялъ Аллагьасул рокъоре рачIунел лъималаз хIайран гьабун бугоан халкъ. Гьанже гьасда квараб хинкIилги цоцазухъе видео рехун тIибитIизабулеб заманалда, гьединаб баракатаб ишалъулги балъголъи щайха гьабилеб.

Гьудуллъиялъул минаялъуре рачIун рукIарал гIолилал кIодо гьаруна къиматал сайгъатаздалъун. Велосипед бергьана Гумбет районалъул Ингердахъа васасе.

Нижехъе щварал баяназда рекъон, цохIо Унсоколо росулъа 200-гIан лъимер хьвадун буго 40 къоялъ камичIого рогьалил как базе мажгиталде.

Гьединабго гьира-цIагун ва таваккалгун хьвадана цогидал росабалъ гIумру гьабун ругелги. Гьанжеялдаса анцIго соналъ цебегицин букIараб хIакъикъат гуро гьеб, хинаб бусенги тун, бищун макъу гьуинаб гIужалъ анцIго сон бачIеб лъимер гьедин рогьалил какде унеб. ЧIахIиязецин мисал бихьизабулеб буго гьез жакъа. Нилъерго напс квегьизе бищун захIматаб жойин абулелъул…

ТIаде щолеб хирияб рамазан моцIги буго. РахIматалъул занкIун цIураб, лъикIлъаби гьарзаго тIасан чвахулеб. Бищунго ракIгьураб, Аллагьасде нилъги цо галул манзилалъ гIагар гьарулеб. ТаравихIазде рачIунел гIадамал мажгитазул кьеразги цIураб, ифтаралги гьарзаяб, садакъабиги гIемераб моцIлъун батаги рамазан.

МаркIачIудехун кIал биччазе жидер дорехун ракккеян, гьобол-гьудулас ахIулаго ракIал рохалил цIолеблъунги, радакь рахьине гьира базабулеблъунги батаги.

Макъала байбихьана рогьалил какде лъимал рачIиналда тIасан, лъугIизабуна рамазан моцIалда хурхинабун. Жакъа хIисаб гьабидал, гIемерисеб рагIулебщинаб хабарги рокьукъаб, рохел дагьаб гьаб заманалда, бищунго ракIал рази гьарулеб жолъун хутIун буго Аллагьасул нухда гьабураб лъикIаб гIамалги тIамураб галиги.

Мажгиталдехун тIамулел галаби гIемерлъаги нилъер. Гьелъулъ буго жакъа хвасарлъиги ракIазе парахалъиги.

Баркула киназдаго тIаде щолеб бищун хириял моцIазул цояб – шагьру-рамазан. Хабарал лъикIал гурони рагIугеги. Гьабулеб ишалда баракат лъеги!

*Гьумер хIадур гьабуна*
***Ашахан ЮСУПОВ***

# Лъимерлъиялъул лахIзатал

## Эбелин цIар бугеб хIикматаб жавгьар

**ТIаде щвана ихдалил байрам - Микьабилеб март. Хас гьабун эбелалъул байрам ккечIониги, гьеб къоялъги нилъеца тIоцебесеб иргаялда, нилъерго пикраби сайгъат гьарула улбузе. Гьей кколелъулха нилъер гIумруялъулъ аслияй чIужугIаданлъун.**

**Киналго улбузул гьайбатаб байрам. Гьелда цересел лахIзатаз бокьун буго лъимерлъиялде нахъюссине, цодагьайго гогьдаризе. Эбелалъул хIакъалъулъ хъвазе. Гьейгун гаргадизе. Лъимерлъиялъул иццухъ кIалги чIван, гIорцIизегIан дирго пикраби гьекъезе. Лъимерлъиялъул пикраби. Гьез роцIинабула чIунтун ине теларилан дун лъугьун йигеб ракIги, гьелъул чIвабзаз рачунел хIасратал сариназухъ гIенеккидал, кьурдизегицин гьесарилей йиго. ГьитIинлъилин цо лахIзаталъ – бокьун буго лъимерлъиялъул маргьадалъе лъутизе ва дирго гIелалъул гIадамаздеги лъималилан ахIизе. Биччанте гьеб лахIзаталъ дидаго цадахъ гьитIинлъизе дир гIумруги, гIумруялъул саналги, саназул чIумазда рарал маржаназул цIалги… Гьале дун – гьитIинай Шамай. Дун гаргалей йиго дунго гIадал лъималазда.**



### Бабал бакъги дадал цIаги

Лъимал! Бицинищ нужее дир бабал бакъалъул къиса. ГIенекке цо лахIзаталъ.

Унго-унголъунги цо гьелъул берцинлъи. Рогьалилъ дир гордадаги кIетIола гьеб, цинги гьуинаб макьида кьижун йигей дида лъурлъудула. Гьеб бачIуна дихъе, цадахъ бабал убачги бачун. Цинги гьелъ дун еэдун толей куцха! Убачалъе хIалае заманалдасан бабал хIеренал кверални рачIуна. Огьо-гьой! Недегьго гьез дун гогьдаризаюн толей куцха!

Гьале тIаде щвана бабал гьимиги.

- Дир дару-дарман, - иланги абун, гьеб гьимиялъ дун йосун хъахIил зодихъ дирго цIваялда аскIой лъола. Гьенисан дун бабал беразда цадахъ дунялалъухъ гIащикъго ялагьула. Бабаца, жиндирго балагьиялъул кумекалдалъун, жиндирго квераз дир гIисинал кверални ккун, жиндирго гьимиялъул сариназул бакъназухъе нухарегIула дун кIудияб талихIалде данде. Гьенибги дие бабал бакъалъ кьола анкькьераб нуралъулаб кунчIи.

Дир бабал бакъалъул буго лъабго чIор, цоялдаса цояб гвангъараб ва кунчIараб.

ТIоцебесеб чIоралъ жиндирго къиса сайгъат гьабулеб буго дие, хъизамалда кIудияй ясалъе. КIиабилеб чIоралъе гьелъ цIар къун буго кIудияв васасул. Лъабабилеб чIорги – гьитIинав вац.

Лъимал! Лъала – нужер щивасулги буго бабал бакъ. ЦIуне гьеб. Гьеб бугебгIан мехалъ, талихI нилъеда аскIоса кибениги къуруларо. Гьеб бакъул чIораз нилъеда аскIоса хъамула чIегIерал накIкIалги, сурукъал ишалги, квешал гIадамалги. Бабал бакъалда гъорлъ буго нилъер щивасул гIумруялъул чIор. Гьелъул хинлъиги, гвангъиги, роцIенги – гьеле бабал бакъалъулги аслияб ахIи. Щибаб бакъалъулги буго жиндирго къиса.

Бабал бакъ! Гьелъ нухарегIизе йиго дун цогидаб, батIияб дунялалде. Гьеб даим дунгун букIине буго, дир гIумруялъул нухалги къалъизарулаго, дир къисматалъе хинлъиги кьолаго… Лъан букIаха, лъимал, гьелъул кунчIи бараб буго нилъеда. Нилъецалъидал гьезие тIадбуссинабизе кколеб берцинаб кьералъулги гьуинаб махIалъулги талихI...

### Эбелалъул кечI

Лъимал! Лъалищ нужеда дунялалдаго бищунго берцинаб кечI кинабали? Нужеда киназдагоги лъала гьеб. Гьеб буго эбелалъул кечI. ТIоцебе гьеб нилъеда рагIула кинидахъ. Гьеб кочIохъ гIенеккараб лъимада кIочон тола жиндирго «къварилъаби». ГIодиги тола гьелъ, кинабго бичIчIулеб бугеб гIадин, сихIкъотIунги чIола. Гьеб кечI ккола нилъер гIумруялъул аслу. ДахIабабаца гIемер бицуна бахьикъосарав вас лъугьани, яги малъараб гьабуларей яс лъугьани, абулила эбелалъул кинидахъ кечI рагIун батуларин гьездайилан.

Цинги цIидасанги боржуна бабал кечI нилъехъе. Гьелъ гьеб ахIула, нилъер гьурмада гьими бихьидал. Бабал кечI бохула, нилъер релъи рагIун. Гьеб белъула, нилъер, лъималазул, талихIалда къвалги бан. Гьеб гIодула, нилъер магIуялда убачалги гьарулаго.

ЦIидасанги боржуна бабал кечI нилъехъе. Гьелъ гьеб ахIула, нилъер гьурмада гьими бихьидал. Бабал кечI бохула, нилъер релъи рагIун. Гьеб белъула, нилъер, лъималазул, талихIалда къвалги бан. Гьеб гIодула, нилъер магIуялда убачалги гьарулаго.

Лъимал! Щибха нилъеца гьабизе кколеб, бабал кечI кидаго кьурдулеб букIине ккани?

ТIоцебесеб иргаялда, гьелъ малъараб гьабизе ккола нилъеца. Гьезул макьил рахIатги цIунизе тIадаб буго нилъеда.

Бабал кечIалъулги саринал батIиял рукIуна, хъизамалъул хIубилъунги ракIлъунги кколев дадал кьвариги, къвакIиги, къамартIлъиги хьолбохъ ругони.

РачIа, лъимал, цIунизе нилъерго хъизамалъул гъасда бабал бакъги кечIги, дадал цIаги, нилъехъ урхъун бугеб талихIги.

### Бабал щцин

Лъимал! Унго-унголъунги, дир бабал букIунеб берцинаб щцин. АхIдолейго ахIдолей йикIуна гьей, хIалицаго ккун релъиги букIуна. Гьеб лахIзаталъ бабал щцингицин белъанхъулеб букIуна. Цо-цо мехалда дида ккола щцинилан цIар букIаниги, гьеб гьезего гьечIин гьелъулилан. Батанигицин, гьеб буго цIакъго цIакъ хIеренаб.

Гьелъгицин нилъер гIумруялда рахъулел хIикматал накъищал!

Дида лъала киналго улбузул щцин цохIо кьералъул букIунеблъи. Гьеб релълъуна цIадалдаса хадуб зодихъ рещтIараб нуралда.

Гьаб кинабго данде гьабуни, лъугьуна хъизамалъул квацIи. Гьеб бечIазе тезе бегьуларо нилъеца. РачIа цадахъ хIалтIизе, хIурматиял лъимал! Даимаб рецц хъизамалъул квацIиялъе.

### Эбелалъул кверал

Лъимал! ЧIвалеб гьечIищ нужеда эбелалъул кверазул тIагIамаб махI? Дицайин абуни, дирго квераз гьалъул кверални ккун, свери бахъулеб буго лъимерлъиялул авлахъалда.

Гьале уней йиго эбелгун цадахъ, хурие, ссандаса бецараб харил магьал цIезе. Гьалеха дир магьги, дунялалда бищун хIеренал квераз цIун кьураб – киса-кибего – дурусаб, узданаб. КвегIисан-кваранисан раккарал тIугьдулги. Эбелалъ, дир магь берцинлъизе, магьида гьоркьор лъурал тIугьдузул квацIаби. Доб мехалда гьезул берцинлъиялдаса лазат босизе гIакълу букIинчIо. Гьанже гьел тIугьдузул махIалъул бухIиялъ лъалъалел руго лъимерлъиялъул ракIалдещвеял.

Их магIаруллъиялъул кавуда кIутIидал, «ГIалагIарт» майданалде тира-сверизеги рахъунаан ниж. Гьелъулги букIана цо хасаб магIна. Гьеб заманалда магIарухъ жеги гIазу биун букIунаро. ГIазукьан къватIире раккун рачIине хIаракат бахъулел дерец тIугьдуз берцин гьабун букIуна майдан. Аби гьечIищха, тIоцебе дерец бихьарав гьеб соналда бищун талихIав вукIунилан абураб. Амма дида гьеб лъицаниги кибниги абулеб рагIичIо тIокIалъ. Гьебги букIун батила цохIо йигей ясалъе талихI балагьулей йигей эбелалъ жинцаго ургъараб жо. Жиндаго бихьараб тIегьги дида бихьанилан чIолаан гьей. ГIазукьа дерец эркен гьабулаго, дир кверал квачалилан хIинкъун, жиндирго квераз тIолаан гьелъ дерец, ТIадегIанасда дие талихIги гьарун. Гьел квераз бахъанщинаб хIаракат, дир гIумру буцIцIине…

Эбелалъул талихI. Эбелалъул ракI. Эбелалъул гьими. Эбелалъул магIу…

### Кинабго лъималазул кодоб…

Гьалеха цIидасанги нахъюссуней йиго лъимерлъиялъул улкаялдаса. Ва цIидасанги ракIалде щвана цо гьадинаб лъугьа-бахъинги. Мунагьал чураяв инсул хабаде щвезе рузман къояз дунги унаан эбелалда цадахъ. Цо нухалда хабзалалъ нижеда ятана нижерго гIагарай, гьабсагIаталда дир бугеб ригьалъул гIадан. НекIого хварай эбелалъул зонода къвалги бан, гIодулей йигоан гьей. Цинги дица эбелалда абуна гьагъалъегIаги эбел щайдайилан. Гьеб дуда жеги бичIчIулариланги абун, гъолде аскIоеги ун, гьейги гIодана. Гьанже бичIчIулеб буго дида дой гIаданалъул магIил багьа… Улбузухъ тIолеб бугеб магIил бакIлъиги бухIиги…

*Шамай ХЪАЗАНБИЕВА*

# «Гордухъги чIун бацIцIина цIоролеб магIил горо»

БитIун гIумруялъул завалалда нилъедаса ятIаралъарай шагIир Зулайпат ГIалиевалъул «НакIкIигъветI» тIехьалъул тIанчал регулаго бадиб магIу буго хулулеб.



**Хасалил сордоги, свараб чирахъги,**
**Чиясул сас гьечIеб, горда гъоркь къватIги.**
**ГIаздалаб гормедо гьур-мадеги цIан,**
**Гьорохъе соролеб янгъи-заб гъветIги.**
***«Янгъизаб гъветI»***

Гьаб тIехьалдаса росун кучIдулги лъун, йикIанин гьадинайги шагIиран къокъго баян кьунги тезе бегьилаан. Амма Зулайпатил хIакъа-лъулъ ракIалдещвеял, бицен гIемер дандчIваларо басмаял-да ялъуни жамгIиял гьиназ-да. Гьелъги батила, ракIалъ тIамулей йиго районцоялъул рахьалъ дагьаб гIатIидго би-цине.

Зулайпат ГIалиева гьаюна Шамил районалъул Ругъел-да росулъ. ЦIалана Москва-ялъул Литературияб инсти-туталда. Басмаялде бахъана гьелъул кучIдузул лъабго мажмугI. Ахирисеб, гьей нилъедаса ятIалъун хадуб къватIибе бачIараб ««НакIкIигъветI» тIехьалъ жанире рачун руго гIумруялъул ахирал соназ гьелъул асливал асарал. Хехаб, согIаб унтиялъ Аллагьасул къадаралде щвана гьей 2009 соналъ. Аллагьасул хъвай букIун гьечIо гьелъие жиндирго творчествоялъул бицун гIуцIараб цониги тадбиралда гIахьаллъизе. ГIедегIуларо нилъ чIаго вукIаго лъикIав чиясул къимат гьабизе. ЧанцIул ячIаян гьелъ ругьел бачIаниги гьоболлъухъ щвечIолъи диргоги рекIелъ къан хутIана:

**Зулайпат, мун йихьизе, унго дун кватIарай куц,**
**Дур унтиялъул ургъел ругъунлъун багъараб куц!**
**Бичунго лъугIулареб, бигъараб гIомо гIадаб,**
**ГIумруялъул сухъмахъаз сверизе течIин духъе.**
**Диегоцин къиматаб, дур къелдерил тIабигIат**
**ТIун магIугун гIодилеб батила гьал къоязда.**
**Дур чIалгIен хIалакараб «ЧIарбида» авалалъги**
**ЧIабаралда мун лъейгун лъун гьечIодай магIирукъ?**
**Эбел гьечIого тарал, инсулги ками лъарал,**
**Рихьизе захIмат буго дур лъималазул берал.**
**Дур щибго гIайиб гьечIел гIиллабазул намусалъ**
**Росулъе кватIарай мун кинан тIадюссинайилей?**

ГIолохъанай гIаданалъул бакъулаб гьими гьедин хехго свинилан кколароан.

Зулайпат хун лъагIел сверилалде гьелъул 50 сон тIубай кIодо гьабуна гьудулзабиги данделъун Ругъелда росдал школа-интернаталда. ЖамагIатго данделъун букIана гьениб. ВукIинчIо гьелъул бицунаго бадиб магIу хуличIев чи доб тадбиралда. «Нижер ясги ячун рачIаралъухъ баркала буго», - ян абулеб букIана гьез, чIагого Зулайпат йихьараб гIадин.

Щивав магIарул шагIирасулго гIадин росу-ракьалде рокьи, магIарухълъиялъухъ чIалгIен, тIекълъиялда рекъонгутIи букIана Зулайпатилги кучIдузулъ. Гьезулъ буго кьелдерие хасиятаб недегълъи, ракIбацIцIалъи, гIадан къиматлъи. Нилъер заманаялъ гIемеразулъ къанагIатаб росдалаб гIаданлъи, сахаватлъиги букIана Зулайпатилъ.

ГIемер рохел гьарзаяб гьечIониги, росулъ араб лъимерлъи гIумруялъул къучIлъун, гьениб цIцIараб гьава бищунго бацIцIадаблъун, росдал иццул лълъим бищунго тIагIамаблъун хутIана шагIиралъе.

ТIоцере басмаялда рахъаразул цояб «Росулъе кагъат» кочIолъги рагьула гьелъул мугIрузухъ бугеб чIалгIен:

**Лъала, рикIкIад йиго дун, даималъищ лъаларо.**
**Амма пикрабалъ нужгун магъилъ буго дирги ракI.**
**Нилъер росулъ жакъаги бертин бугин рагIана,**
**Нужер кьеразулъ дийги кье цо хIетIе чIезе бакI..**

**Цониги гвай батани - гурарал дирги гъуждул,**
**Нужгун цадахъ хIалтIизе, хIал черхалъул бугогIан.**
**МугIрузда гьаюна дун, гьелгун буго гьинал ракI,**
**Гьанийго йигониги хиялал нужгун руго..**

**МагIарухъ гIурал ясал, росулъ гьарурал ясал,**
**Нилъер гIадинаб сабру меседалъухъ босулищ?**
**Намус, цIунун хадуса, цIаразухъищ хисулеб,**
**ЯхIалда хIур хъвачIони- хIурмат тIокIаб бугебищ?**

Жиндирго умумузул ракь, гьенир гIасрабаз цIунарал гIадаталги цIакъго къиматал рукIин рагьулеб буго «Зурмил наку» кочIолъ:

**Зурмил накуялъул сас рагIанани,**
**ГIодула жанибго ургьиб гьинал ракI,**
**РекIелъ кьур-кьурарал кьогIал хиялал**
**Хардаса щуб гIадин гIодор щущала.**

**Хадуй дун ячуна инсул росулъе,**
**Лъоба лъимерлъидал нухал ратула.**
**Гьезги ахIи бала, дуй шагьар щайин,**
**Щибгоги рехун тун, тIадюссайилан..**

**Зурмил гьаракьалъулкь чундул кьурдулел,**
**Кьурабазул сиртал рачIуна цере.**
**Дандерижияца цоцахъе кьолел,**
**Бакъанаца чучула черхалъул ургъел..**

Литературияб институт лъугIун хадуй жиндир гьунар камиллъулеб мухъда хIалтIичIониги Зулайпат камулароан аваразул адабиятгун маданият бокьулезул, гьеб миллаталъе бикьулезул сверулъ.

Гьадин рагьана жиндирго пашманлъи Зулайпатица Расул ХIамзатов камурал къояз:

**КьолъикI дир мугIрузул гIазулаб хъахIлъи**
**Хъвани щиб гьанже кечI, хъвачIониги щиб.**
**Хъвана дуда тIаде Таргъуялъул ракь,**
**Кьижа хIалхьиялда, магIарул чIухIи..**

**ЧIвана дуе зани «заназул рохьоб»,**
**Хьухьикье тIерхьана канаб шагьри моцI.**
**ЦIорона сверухълъи, дурхинлъи гьечIо,**
**Хаслихълъи гIодана дур хабада тIад..**

Гьелъул лъукъараб ракIалъе дарулъун рукIана рокьиги, чIалгIенги, жаниб рукъ ккураб пашманлъиги гьуршун мугIрул тIабигIаталъе, росуцоязде хъвалел кучIдул.

ЧIаго йикIаго жиндирго творчествоялъул бицараб цониги ракIари гьабизе регIизе течIо гьей къисматалъ. Щуго соналъ цебе Хъвадарухъабазул союзалда данделъун рукIана З. ГIалиевалъ 60 сон тIубаялде соналде гIуцIараб тадбиралде. Гьенир гIодор чIезе бакIал щвечIого къватIир хутIана Зулайпатил районцоял. Бегьулароанищ гьаб тадбир, цойгидал шагIирзабазулго гIадин, библиотекаялъул конференцзалалда гьабизеян суал кьедал, «гьадин гIемерав чи вачIининго ккун букIинчIо нижеда»-ян щвана жаваб.

Гьелъги борцуна хъвадарухъабазул мухьилъги Зулайпатил букIараб гIадатлъи.

Жийги шагIир йигин рагIизайизе цее кIанцIуларей, машгьурлъиялда хадуй лъугьинчIей гIадан йикIана гьей. Жийго гIадин ракIбитIарал ругин сверухъ гIадамалин божиялъ чанги ракIги лъукъана гьелъул.

Зулайпатица кучIдузулъ такрарлъула лъимерлъудаго бесдаллъарал жиндирго ясазде бугеб ракIбухIараб хIеренлъи, сапаралъ аралъуса вуссинчIев, вукъараб бакI лъачIого виларав росасда хадуб угьди:

**Бицине бигьаяб, баччизе бакIаб**
**Балъголъи батана къисматалъ цIунун.**
**ЦIадирабаздацIин цIцIазе кIоларел**
**КIулал рукIун руго рахсал тIад рарал.**
**Дирги дурги къисмат кьурул рагIалда,**
**Рахине кьо гуреб, кьезе квер гьечIеб,**
**Каранде къан лъимал, гъоркь гьалдолеб гIор,**
**ГIумруян цIар бугеб, цIадулаб жужахI.**

* * *

**...Дун ялагьун йикIина бикIун рекIеда хьулгун,**
**РекIилин биларaб цIва сардил зобалаздайин.**
**Замана цIехечIого халги гьабун хутIила,**
**Халатаб сапар лъугIун, дихъе мун вуссинилан.**
**Цинги пикрабалъ чIела, херлъи бачIараб мехалъ,**
**Мунгун цадахъ тIамурал соналги ракIалде щун.**
**Щобги бегун гирулеб бакъул горалда хадуб,**
**Гордухъги чIун бацIцIина цIоролеб магIил горо.**

МугIрул тIабигIат бокьулезда рекIелъе ртулел, умумузул гIадатал цIунизе ахIулел, гьединго сатирагун критика загьир гьабулелги кучIдул руго гIезегIнго руго Зулайпатил.

ГIолохъанго хъварал ругониги гьезулъ буго аваразе гIаммаб бухIи, заманаялъул согIаб карачелалъ загIиплъизабураб яхI-намусалъул ракI унтун гьабулеб пикру.

**ГIасрабалъан, саналъан, сабураб балагьигун,**
**Валагьун вуго имам дир гIумрудал къоязухъ.**
**Сурав гьес босуларо, амма сири бала дир**
**Нусабго лагаялда гьесул пикру гьабидал.**
**Ятун йикIарай анищ дур заманаялъул яслъун,**
**Замана лъалхьун чIараб АхIулгохIда юкъизе.**
**Яги ПатIимат гIадин, бадибе кIазги бачун,**
**ГIандигIурул карачел каранде бачун хвезе.**

Пагьму-гьунар бугел гIадамал гIезегIан кьуна Аллагьас магIарулазе, гьезул цIарги цIунун, гIелаз гIелазухъе кьун нахъе хутIула чIагояз рехсарабгIан мехалъ. Узухъда, Зулайпат ГIалиевалъул гьунар мустахIикъаб буго нилъер тадбиразул цо бутIаялъе.

Хасго гьеб ирс цIунизе, цIиял гIелазухъе кьезе тIадаблъун бихьула мугIалимзабазда, библиотекаялъул, культураялъулгун искусствоялъул хIалтIухъабазда.

***ПатIимат ГЬИТIИНОВА***

# Къисматалъ лъадарарай

**Дагъистаналда гIемер руго реццалъеги хIурматалъеги мустахIикъал руччаби. Гьез баччараб гIакъуба-кваридъиги хIехьезе ккараб захIматги цебечIезабуни, кинаб ракIги сабурги гьезул букIарабин ккола. Жидедаго бихьараб захIмат лъималазда бихьизе теларин, жидер букIинчIеб ресги шартIалги лъималазе кьезе гIоло гIумруги сахлъи кьола гьез.**

**КIудияв чи вугеб рокъоб хинлъиги баракатги букIунин абула. Гьел рагIабазул магIна дида бичIчIула жакъа эбел дихъего гьоболлъухъе ячIиндалцин. Лъималазда лъикIаб-квешаб малъизеги, гIакълу кьезеги гьечIого гIоларел чагIи руго ригьалде рахарал нилъер умумул. Цо-цо мехалда гьитIинаб лъимадул гIадаб гьезул гIамал, гIакълу кьезе ккедал, дунялго бихьарал гIадал гьезул пикраби, малъа-хъваял. Чан батIияб гIумру, чан батIияб къисматха бугеб щивасул.**



Жакъа бицен гьабизе бокьун буго Хьаргаби районалъул ГIаймаки росулъа ГIабдулагьил Жавгьаратил хIакъалъулъ.

91 сонил ригьалде яхарай Жавгьаратил гIумруялъул хIакъалъулъ бицунеб буго яс Хадижатица. Хадижатги ккола кIодоэбел. Гьей хIалтIулей йиго МахIачхъалаялъул №5 лицеялда. Гьелъ тарбия-лъай кьун къватIире риччана аза-азар цIалдохъаби.

*«ТIаде щолеб бугеб руччабазул къоги баркун, дие бокьун буго эбелалъул хIакъалъулъ цо дагьабго калам гьабизе. Гьелъие мустахIикъайги йигин гьей гьаримилан рикIкIуна дица. Гьелда лъаларо жиндирго эбел. Эмен дагьамакъавго лъалилан бицуна, гьев рагъдаса вуссун гьечIо. Гьелъул гьитIинав вац лъималазул рокъов гIуна, гьенисанго цIализеги лъугьун, Буйнакскиялъул педучилищеялъул музыкаялъул дарсал кьолаан. (Дагьав цевегIан къадаралде щвана мунагьал чурад.)*

*Дир эбелги дагьаб заманалъ лъималазул рокъойги йикIун, хадуй имгIалас гьениса нахъе ячун йиго. Цин эбелалъул эбелалда, цинги инсул эбелалда (беццай) цее гIунин жийилан бицуна гьелъ.*

*Эбелалъул эбел бесдалал хьихьарай гIадан йикIун йиго. Гьелъул кIудияб хьизан букIанин, жеги тIаде жийги хьихьулаанин абула эбелалъ.*

*Бихьараб кваридъи-захIмалъиялъул, ракъи-къечалъул гIемер бицуна гьелъ. Гьел захIмалъаби хIехьезе кканиги, кидаго Аллагьасе щукрурецц гьабулейги йикIуна», - ян бицана Хадижатица.*

Вакъад-якьадги хехго гIумруялдаса ратIалъун, лъилго кумекги гьечIого, гьелъ гIезабун буго микьго лъимер. Щугоязе тIадегIанаб лъай щвеялъе ресал ратана Жавгьаратица, жакъа киналго руго жиде-жидер махщалида рекъон хIалтIулел.

*«Нижер эмен цIакъ хIалтIизе бокьулев чи вукIана. ЦIалул къимат гьесие букIинчIо. Гьес гIемер абулаан эбелалда, рокъор кумекалъе течIого, ниж цIализе ритIизе бегьулароанин абун.*

*Эбелалъе бокьана ниж цIалун рахъине, жиндаго бихьараб гIакъуба-кваридъи нижецаги хIехьезе ккечIого букIине, жиндаго бихьулеб къоялъухъ балагьичIого, кумек хIажат букIаниги, тIадегIанаб лъай босизе ритIана гьелъ ниж.*

*Къад колхозалъул хIалтIиги гьабун, къаси свакарай гIаданалъ, адаца (нижеца эбелалда адаян абула) халгьабулаан нижер ратIлил, чорок бугищали, чуризе бугищали, лъие щиб гIоларого бугебали.*

*Нижеца гьелда гьикъулаан, кида мун кьижулей йикIарайин абун. Гьей кьижараб заман нижеда бихьулароан.*

*Гьедин, къоялъ колхозалдаги хIалтIун, хадуй инсуда цадахъ хурийги хIалтIун, къаси сардилъ лахIу-чирахъалъул канлъухъе Къурьан цIализе лъазабулей, хIарпал дандралей ятулаан нижеда ада. Гьелъ жинцаго хIаракат бахъун лъазабуна Къурьан цIализе. ГьалатIал ритIизаризе жиндирго имгIаласухъе, ГIабдурахIимихъе хьвадулаан. ЦIакъ гIелму лъалев, цIаларав чи вукIана гьев. Эбелалъул анищ букIана жиндирго эбел-инсудаса Къурьан цIализе, гьелъ гьеб анищ тIубазеги гьабуна.*

*Эбелалъ гIемер бицуна, дагьавго лъалев вукIаниги, гIелмуялда тIадчIарав чи вукIанила жиндир эмен, гьесул тIахьал цIализе гьитIинго гьура букIанин жиндир. Школалда цIализеги лъикIай йикIун йиго ада, цIализе педучилищеялдеги ийтIулей йикIанин, эбел-эменги гьечIого, жий хьихьарай гIелин абун, рокъосезда абизе кIвечIила цIализе инин. Гьедин хутIана гьаримзахIматаб гIумруялда.*

*Гьанже нижерго лъимал гIураб мехалда, гIемер пикру гьабизе бачIуна гьелъ нахъа тараб гIумруялъул, бихьараб кваридъиялъул, чед балагьулаго доб заманалда тIамураб къоялъул. Жиндаго бихьараб захIмалъи лъималазда бихьизе теларин абун, ана гьелъул гIумру. ГьитIинго нижедаги малъана как-кIалги, бицунаан мунагьхIакъалъулъги. Нужеего бокьулареб чидаеги гьабугеян малъулаан гьелъ.*

*Гьаб эркенаб заманалда ниж регIулареб мехалда, кин эбелалъул гьаб киналъего заман гIурабилан ккола. Цо-цо мехалда гьелда цебе сундуе батаниги заман гIечIилан бицинеги нечола. Гьелъ гIемер вагIза-насихIат гьабула нижеегьи, нижер лъималазеги. Киназдасаго нижедаса Къурьанги цIалана, зикруги бачана гьелъ. Диналъул гIемераб жо рекIехъеги лъала, кидаго цIалделейги йикIуна. Гьанже канлъи бихьуларого, цIалдезе бажаруларого кваридго йикIуна», - ян абуна Хадижатица.*

- Жакъа гIадаб кинабго гьарзаго бугеб заманги, цебесеб, ракъи-къечалъул захIмалъи хIехьезе ккараб мехалъулги бицунаго кинал пикраби гьелъ загьир гьарулел?

- ЗахIматаб, чед-хинкIалъе гIамал гьабизе кколеб заман букIаниги, киналго разияб, гьабураб махсара квеш бихьулареб гIумру букIанин абула адаца. Чанги букIанила, хурир хIалтIулел чагIаз, махсарадеян абун, аскIор ругезул квенги босун, къоялъ кваназе жо щвечIеб мех. Свакан рокъор рачIунел чагIи, мугъзада букIараб магьги гIодоб лъун, цо майданалде рилълъун кьурдулаанин, ихтилат-кеп гьабулаанин бицуна. Цоцазде жахIда гьечIеб, ракIал ритIараб заман букIанила.

Гьанже эркенго ругониги, гIадамал цоцазде регIулел, тIаде-гьоркье унел гьечIин абун зигара букIуна эбелалъул.

ГIагарлъи, гьудул-гьалмагълъи цоцалъ лъикI рукIин, гьоркьоблъи кквей аслияб жо бугин рикIкIуна гьелъ.

Цоги, эбелалъул ракI кваридлъулеб жо буго, гIолеб гIелалда жидерго наслабиги, гIадат-гIамалги лъалеб гьечIолъи. Гьеб кIочон тезе гурин, цебесеб гIумру лъалареб гIел лъугьинин хIинкъи букIуна.

Эбелалъ нижее гьабурабщинаб лъикIлъи, нижехъа гьелъие гьабун бажаранадайин ккола ракIалде. Нижеца, киналго лъималаз, гьелъие ракI-ракIалъулаб баркалаги кьолаго, гьарула сахлъи, рекIее паракалъи.

Цониги «ХIакъикъат» гьоркьоб биччалароан эбелалъин абуна Хадижатица, гьанже жинца цIалулила гьелъие газета.

ГIумруялъул 91 сон бугониги, жеги гIакълу-лъаялдаги йиго Жавгьарат. Гьей ккола тылалъул ветеранги. Гьелъул руго 25 лъималазул лъимал ва 46 гьезулги лъимал.

Украинаялда унеб хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъи гьабулеб буго гьелъул васасул васасги ясалъул васасги.

Гьадинал гIакъилал, гIумруялъул батIи-батIиял свераби рихьарал хараби гIемер руго магIарухъ. Амма жакъасеб гIелалда гьадинаб гIумруги букIанин бицунеб мехалда, букIинчIеб, ургъун бахъараб маргьуйин кколеб буго. Жакъа рикIкIадал магIарул росабалъги ругел ресалги шартIалги рихьидал, гьединабги гIумру букIанин абураб жоялда божизе захIмат буго гIолеб гIелалъе. Гьеб заманалъул харабиги цереса ани, нугIлъиялъе чиги гьечIого хутIила.

Ихдалил тIоцересел къоял байбихьигун, руччабазул рекIелъе рохел лъугьунин ккола. ГIаздада гьоркьан баккун бачIунеб дерец тIегь гIадин, хасел инегIан бечIан букIараб гIумруялъулъе цIиял кьерал, бакъул чIорал лъугьун рачIуна. Гьединал бакъул чIораз ракIал хинлъизарулеб, гвангъараб, рохел гьарзаблъун букIаги гьаб их киналго руччабазе!

***П. МУХIАМАЕВА***

**Араб сон Расул ХIамзатовасул лъагIеллъун лъазабун букIаниги, газета цIалулез гьанже-гьанжеги редакциялде рачIунел руго кIудияв шагIирасул хIакъалъулъ жидецаго хъварал асарал.**

**ТIаде щвараб руччабазул байрамги баркулаго, гьоркьехун бахъулеб буго Гъизилюрт районалдаса пенсионер Калимат ГIабдулкаримовалъ редакциялде битIун бачIараб кечI.**

## Расул, мун цохIо вуго

Гьале къоябго сон мун аралдаса,
Дур гIакъилаб калам камуралдаса.
Амма гIадамазе, гIаламалъего
Дуца нахъе тараб хазина гIела.

Дур магIаруласул «Конституция», -
Гьеб буго мугIрузул
нилъеде хитIаб.
Гьеб гIадахъ босичIев чи ватанани,
Чанги мекъи ккела
ва кваридъила.

ЦIуне умумулин, цIуне лъималин
Дуца тана нижей аманат гьабун,
Гьел пашман ругони,
кварид ругони,
БукIунаро хIалхьи нужер ракIазе.

МугIрул гIашикъасул
гIищкъул асарал,
ГIицIго Муидехун руссун рукIана.
Дуцайин абуни, рокьул аятал
Аза-азаразе сайгъат гьаруна.

ГIасраби аниги, сонал аниги,
Расул, кIоченаро мун лъиданиги.
Дур хъахIал къункъраби
кьокьунеб мехалъ,
Зодир ралагьидал щвела ракIалде.

## РАЙОНАЗДАСА ХАРБАЛ

### ЧIарада

ТIолгодунялалъул руччабазул къоялъул хIурматалда, республикаялъул киналго районаздагун росабалъ, школаздагун ясли-ахазда тIоритIана батIи-батIиял тадбирал.

ЦIуриб росдал «Нур» ясли-ахалдаги гьал къоязда батIияб чIаголъи букIана - берцинго къачIараб ясли-ахги, байрамалде хIадурлъарал лъималги, гьезухъ ралагьун чIарал улбулги. Лъималаз рикIкIана, ахIана улбузде гьарурал кучIдул, рихьизаруна батIибатIиял церерахъинал. Гьеб къоялъ ясли-ахалъул хIалтIухъабазцин бихьизабуна махсараялъул церерахъин.

### ЛъаратIа

Гьал къоязда НикIар росулъ, районалъул нухмалъулев МухIамад ГIабдулаевасул нухмалъиялда гьоркь, патриотикияб митинг тIобитIана. Гьеб къоялъ НикIар росдал школалда, СВОялда гIумруялдаса ватIалъарав ГIабдулкерим Рамазановасул хIурматалда мемориалияб хъарщиги рагьана.



Данделъиялда гIахьаллъи гьабуна администрациялъул хIалтIухъабаз, Рамазановасул гIагарлъиялъ, школлъималаз ва росуцояз.

# «Инсуца абулаан квешаб сурат бахъизегІан, бахъичІого тани лъикІилан»

**ЦерегІанго сонazда къанагІатги букІунароан тумазул миллаталъул фотограф Камил Чутуевасул суратал камураб газет-журнал. Гьесул эмен Аминги лъалаан советияб заманалда ТАССалъул фотомухбир хІисабалда.**

**Гьединлъидал гьел кІиязулго хІурматиял цІаразулги машгъурлъиялъулги гьаниб бициналъулъ гьедигІан хІажалъи гьечІо. Бицина гІицІго гьал къоязда МахІачхъалаялда байбихьараб Камил Чутуевасул суратазул выставкаялъулги гьесулгун нижер ккараб гара-чІвариялъулги хІакъалъулъ.**



Камил Чутуев

**- Камил, суратал рахъиялде рокьи инсудасан щун батиларищха дуе?**

- Дир пикру букІинчІо художниклъун, фотографлъун вахъине, чара гьечІого инсул нухдасан ине. ЦІар рагІарав фотожурналист вукІана дир эмен, советияб заманалда гІезегІан соназ ТАССалъул корреспондентлъунги хІалтІарав. Дир букІана батІияб анищ. Амма гьеб тІубачІо. Гьеб тІубангутІиялъе гІиллалъунги ккана дирго хъизан ПатІимат. Дун рази вуго дирго гІумруялдаса ва цо къоялъниги ракІги бухІичІо къисматалъ батІияб, фотожурналистасулаб нухдасан дунго вачиналдаса.

**- Инсуца кинаб къимат кьолеб букІараб суратал рахъиялъе бугеб дур махщалие?**

- Гьес кидаго гІайибал чІвалаан дир суратазда. Инсул хІалтІуда гІажаиблъун, хІайранлъун вукІунаан дун. Гьес абулаан квешаб сурат бахъизегІан, бахъичІого тани лъикІилан. Гьеб рагІи гІумруялъего гІуна дие.

**- Дуца тІоцебесеб сурат сундул бахъун букІараб?**

- Ункъабилеб классалда цІалулеб мехалъ инсуца дие босана суратал рахъулеб аппарат, гьелда абулаан любительскиябилан, жеги ракІалда буго гьелъул цІарги - «Любитель» абун. Дица тІоцере рахъана дирго гьудулзабазул суратал. Цо гьудул вукІана дир Володя Билалов абун, цо къотІнор яшав гьабунги рукІана. Гьеле гьесул сурат бахъана дица тІоцебе.

**- Аслияб куцалда магІарухълъиялъулги росабалъ гІумру гьабулел чагІазулги суратал руго дуца рахъун. Амма доб советияб заманалда партиялъул тІалабал батІиял рукІиндалха…**

- Дун гьелъухъ киданиги балагьичІо. Дун балагьулаан инсанасухъ, гьесул хасияталъухъ. Хасго магІрул руччабазухъ. Гьаб дунялалда гьечІо нилъер руччабаздаса берциналги лъикІалги. Гьедун абизе кІола.



Гъооиса ГьитІинов МухІамад

**- Дуца суратал рахъарал руччабазда гьоркьорги гІемерисел руго ригь арал гІадамал. Гьелдалъун щиб бихьизабизе бокьун бугеб?**

- Ригь арал руччабигун кІалъалеб мехалъ дида кидаго дунго лъимерилан кколаан. Гьезул дидехун букІунеб адабги хІурматги бихьараб мехалъ, дун пикрабаз вачунаан лъимерлъиялде.

Цо журналисталъ дида цІехана, дуца кидаго гьал херал руччабазул суратал щай рахъулелан. Гьелда кьабизе квер борхизехъин батана, рекІеда ватун вукІинчІевани. «Кинай херай гІадан гьей йикІуней, гьей йиго дир эбел, яц, лъади», - ян абуна дица гьелда. Гьединалги камуларо нилъеда гьоркьор…

**- Доб заманалда гІемер рукІана цІар рагІарал фотографал, масала Зимбель, Рудольф Дик ва цогидал. Жакъа къоялда щив дуца гьезда гьоркьоса тІаса вищилев вукІарав?**

- Гьайгьай, Рудольф Дик. Дуца цІехедал абулеб буго дица гьев тІаса вищилаанин, амма дун гьес гьабураб гьабизейилан киданиги вахъинчІо. Дир дирго букІунаан хатІги, хасиятги, творчествоги. Гьеб жив-живасул жинди-жиндир букІинарищха.

**- Дур гІумруялъул бищун дуе бокьулеб ва рекІее асар гьабулеб заман кинаб букІараб?**

- БитІараб бицани, дир гІумруго буго гІажаибго хІикматаб. Дие цІакъ бокьула дирго ватІан, хъизан. Дир руго гІемерал гьудулзаби, гьездасан щола дие кІудияб рохел, лазат. Амма рокьиги рохелги рокъобги дир камичІо. Хъизамалде ва гьелъ дие гьарурал анлъабго лъимадуе буго дир кинабго рокьи ва талихІ. Гьеб киназдаго лъала. Дица щиб гьабуниги, дир хьибил ккун рукІуна гьел.

**- Дурго суратал рахъиялъул творчество букІинчІебани, кинаб махщел тІаса бищизе букІараб?**

- Дун армиялдаса вачІараб заманалда ДГУялда рагьана Электротехникияб абун цІияб факультет. Школалда 6-7 классазда цІалулеб заманалдасанго бокьулаан дие радиоялъулгун бухьен бугебщинаб. Дица бакІарунгицин букІана детекторнияб приемник, наушникалгун цадахъ. 7 классалда дида цадахъ цІалулеб букІана кІиго гІурус лъимер, гьезул цояв кколаан дир гьудул Балуев, цогидасул фамилия, цІар ракІалда гьечІо. Гьез ракІарун рукІана унгоунгояб звукалъул усилителал. Гьездасан ругьунлъана дунги гІезегІан жоялде. Щиб-щибниги гьабизе паяльник, гъалай, канифоль ва цогидаб бакІарулаан дица. Гьединаб чи къваригІун вугинги абун. Дуда суратал рахъизеги лъалелъул, гьениве аян абуна инсуца. Дица доб мехалъго рахъулаан суратал, гьанже ругел суратал рахъулел чагІаздасаги лъикІ. Инсуда тІадги вахъун суратал рахъизе бегьулarелъул, дун ана музеялде. Гьениб бижана дилъ суратал рахъиялде рокьи. Гьелде щвезегІан дирго росу тун батІияб бакІ лъалароан дида. Цинги лъана магІрулги, магІрузул росабиги, гІадатиял гІадамалги. Амма бищун аслияб ва гІажаибаб жо букІана дие щибаб росдал махІ, гІумру, хаслъи. Гьеб цІакъ лъалаан дида батІабахъизе.

**- МагІарул миллаталдехун кинаб бербалагьи дур бугеб?**

- МагІарулазда гьорлъ бищун гІемер гьалбал рукІана дир. Гьезие вокьулаан дун, амма жакъа къоялда гьезул гІемерисел камуна. Мунагьал чураги гьезул. Дида кидаго берцин рихьулаан ва хІурмат гьабулаан магІарул (намусал) руччабазул. МухІамад Шамхалов («БагІараб Байрахъ» газеталъул бетІерав редактор – авт.) вукІана дир цІакъ лъикІав гьудул. 1963 соналда гьес лъугьинавуна дун Журналистазул союзалдеги. Дида доб заманалда цІакъ берцин бихьулаан «БагІараб Байрахъ» абун хъвараб рагІи (дирго гьудулзаби гьенир хІалтІулел рукІиналъги батила).

**- Жакъа щиб гьарилеб нилъерго ватІаналъе, халкъалъе?**

- ТІоцебесеб иргаялда, дица гьарилаан, СВОги хехго лъугІун, нилъер гІолохъаби сах-саламатго ва бергьенлъигун тІадруссагиян. Гьединго гІиси-бикъинаб жо бичулеб тукен букІунаан. Гьединлъидал, гьеб рахъалдехун бугеб рокьиялъ радиотехниклъун цІализе ине анищ букІана. Амма хадуб пикру хисана.



ЧІахъаял, 1990 сон

Инсуца дун витІана Дагъистаналъул гІагараб ракь лъазабиялъул музеялде. Гьенив суратал рахъулев нилъер тІолабго халкъалъе сахлъи, рохел ва аваданаб гІумру. Нилъ гьелъие мустахІикъал руго. Жеги бокьилаан нилъер халкъалъ магІрул яхІги намуси рехун тунгутІизе.

***Гара-чІвари гьабуна Рукъият ГІАЛИСУЛТАНОВАЛЪ***

# Ихдалил тIоцересел тIугьдулгун цадахъ щварал



**Руччабазул байрамкъоялда бан, ДРялъул хIукуматалъул нухмалъулев ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовас тIадегIанал шапакъатаздалъун кIодо гьаруна батIи-батIиб махщалил руччаби.**

Масала, гьезда гьоркьой йиго ДРялъул информациялъулгун печаталъул агентствоялъул директорасул заместитель Наида МухIамадова. Журналистазул хIалтIиги цIакъ рагIаракьанде щун лъала гьелда. Цеккун Наида МухIамадова хIалтIана радио-телевидениялда, хадуй - республикаялъул хIукуматалда.

«ХIакъикъат» газеталъул коллективалъ ракI-ракIалъ баркула гьелда хIукуматалъ кьураб шапакъат, гьарула хадурккинги цIи-цIиял бергьенлъаби.

* * *



Гьебго заманалда ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовас шапакъатал кьурал руччабазул цояй ккола Гузунай Будунова.

Сахлъи цIуниялъул отличник, захIматалъул ветеран Гузунай Будунова ккола Шамил районалъул Хучадаса, гIумру гьабун йиго Гъизилюрт шагьаралда.

1944 соналда Чачан Республикаялде гочинаруразда гьоркьор рукIана Гузуналъул умумулги. Ножаюрт районалъул Зандакъ росулъе чачанал тIадруссиндал, хучадисел цIидасан гочана Дагъистаналде. ГIемерисел росуцоязда цадахъго Нечаевка росдал ракьалда яшав гьабун чIана Гузуналъул эбел-эменги. 1951 соналда гьений гьаюна Гузунайги.

Каспийск шагьаралда медучилище лъугIараб 1970 соналдаса нахъе, жакъа къоялде щвезегIан, гьей хIалтIулей йиго Гъизилюрт районалъул больницаялда.

Гузунай гIуна кIудияб, цоцалъ гьункараб хъизамалда. Гьединабго, росуракьалъул гIадат цIунараб кIудияб хъизаналда гIурав вукIана гьелъул рос, лъикIаб махщалил хирург Хачабег Будуновги.

Амма цIакъго гIолохъанго камуна хъизамалъул бетIер. Лъабго гIисинал лъималгун хутIарай Гузуналъ къадруялда гIезаруна лъимал, жидерго хIаракаталдалъун гьел киназго босана тIадегIанаб лъай, рахьана жидерго ишалъул махщелчагIилъун.

Жеги балугъалъуде вахунаго, машгьурлъана Дагъистаналда Гузуналъул васасул, футболистасул, гьанже ДРялъул спорталъул министрасул заместительлъун кколев Будун Будуновасул цIар.

Шагьаралда гIуниги, Будуноваз бухьен тIезе толаро умумузул ватIаналъулгун. Санайил щола Гузуналъул лъимал жидерго хъизамалгун, росдал гIадаталда рекъон тIобитIулеб оцбаялъул байрамалдеги.

- Нилъер улкаялъул тIолалго руччабазе гьарула сахаб, парахатаб гIумру, лъималазе талихI, цебелъураб масъала, мурад тIубазе тавпикъ ва сабру, - ян абуна республикаялъул нухмалъулезухъа шапакъат къабул гьабулаго, байрамги баркун, Гузунай Будуновалъ.

Хадур гIемерлъаги Гузуналъеги гьединал шапакъатал.

***ПатIимат ГЬИТIИНОВА***

* * *



8 март руччабазул байрам букIинги хIисабалде босун, ДРялъул Лъай кьеялъул министерствоялъ, лъай кьеялъул идарабазда хIалтIулел руччабазда, хасго гIемерал лъимал ругезда баркун течIого, цо-цоязе кьуна шапакъаталги. Масала, гьеб идараялъул нухмалъулев ЯхIя Бучаевас 23 хIалтIухъан кIодо гьаюна батIи-батIиял шапакъатаздалъун. Гьезда гьоркьой йиго Гъуниб районалъул Гъоркьияб КIогъориса 19 лъимер хьихьарай, росдал школалъул директор Зада Макъсудоваги.

ДРялъул бетIер Сергей Меликовасги кьуна Задае «ДРялда цебе гьабураб хъулухъалъе гIоло» абураб орден.

- МугIалимасул хIалтIи расги бигьаяб иш гуро. Гьеб буго хIурмат тIадегIанаб пиша. Жакъа партаялда нахъа гIодор чIарал лъималазда мугIалим киданиги кIочон толаро. Гьез кIудияб хIурматгун рехсола гьезул цIаралги», - ян абуна Я. Бучаевас.

«Баркала буго республикаялъул нухмалъулесе. Гьес ниж рехун толаро ва щибаб санайил гьабула хIажатаб кумек. Нижер лъималазе ритIун рачIуна сайгъатал, ретIел-хьит ва гьеб цогидабги. Гьаб орденалдасаги цIакъ йохана, цIидасан цIилъи, щулалъи бачIана рекIелъе», - ян бицана З. Макъсудовалъ.

Нижецаги ракI-ракIалъ баркула мугIалимзаби-руччабазда байрам ва гьарула щулияб сахлъи, сабру, рекIее рахIат.

***Рукъият ГIАЛИСУЛТАНОВА***

* * *



Халкъазда гьоркьосеб руччабазул къоялде ДРялъул бетIер Сергей Меликовас «ДРялда цебе гьабураб хъулухъалъе гIоло» абураб шапакъат кьуна МахIачхъалаялда гIумру гьабун йигей, 10 лъимер хьихьарай Мадинат Шахбулатовалъеги.

Мадинат ккола Хьаргаби районалъул Дарада-Мурада росулъа. Гьелъ лъималазул рокъоса хьихьизе бачун буго микьго лъимер. БахIарчияй Мадинатил къисмат буго къваридаб ва гьебго заманалда талихIалъул цIураб. Чохьол лъимаде бугеб лъугIи гьечIеб рокьуца гьей гьесизаюна улбузул рокьи бачIеблъ, рехун тарал лъимал хьихьизе.

Шахбулатовалъул гIумруялъулъ ккараб пашманаб лъугьа-бахьиналдаса хадуб гьелъул гIумру тIубанго хисана. Полициялда хIалтIулев вукIарав вас захIматаб хIалалда лъукъун реанимациялде ккараб балагьаб къоялъ, Мадинат Аллагьасда гьардана, цохIо вугев вас чIаго теян. Аллагьасул цIобалде гурони хьул гьечIей, тохтурзабазул кумекалдаса хьул къотIарай эбел доб къоялъ гьедана, вас чIаго хутIани, эбел-эмен гьечIел унтарал лъимал хьихьизе рачинин абун.

Вас хвалдаса ворчIун хадуб, Мадинатида жиндирго гьа кIоченчIо. КIиго соналъ унтарав васасда хадуб хъулухъ гьабулагоги гIемер ургъулаан гьей гьеб пикруялда тIад. Чияр лъимер жиндирго гIадин хьихьун бажариладаян хIинкъиги букIана гьелъул рекIелъ. Эбелалъул пикруялда разилъана гьелъул васги ясги. Ва циндаго лъабго лъимер бачана хьихьизе. Гьеби Астрахань шагьаралде щвезегIанги ун. Лъимал рачун бащдаб лъагIалидасанги Мадинат Астраханалде ана лъабгоги лъимер бачине. Гьедин, кинабниги микьго лъимер бачана гьелъ хьихьизе.

Мадинатихъа бажарана жиндицаго гьарураздаги жиндиралголъун рикIкIун хьихьизе рачараздаги гьоркьоб рокьи бащад бикьизе.

Мадинатида пачалихъияб шапакъатги баркун, гьелъухъе телефоналъ кIалъана ниж. Лъималазул рохелалъ жийги бищунго талихIай эбеллъун гьаюнин бицана гьелъ. Цогидал улбуздаги гьарулеб бугоан гьелъ лъимал рехун тогеян. Рехун тараб лъимадуе эбелалъул рокьи кьей гьеб хIинкъизе ккараб жо гурин абуна гьелъ.

ХIинкъичIо Мадинат унтарал лъималазе гьабизе кколеб хъулухъалъул захIматалдаса, гьелъул гIаксалда, бахIарчияй магIарулалъул ракIчIана жиндаго.

Лъимал хьихьизе лъикIал шартIалги чIезарун руго Мадинатил рокъор.

«Бищунго аслияб жо ккола дир лъимал унтичIого хутIи, гьезул ургъелал, захIмалъаби рукIунгутIи. Нилъер республикаялъул бетIер Сергей Меликовасе баркала буго дун кIодо гьаюн кьураб шапакъаталъухъ», - ян абуна Мадинатица.

* * *



СВОялъул гIахьалчагIазе ретIел букъулеб «Баракат» ательеялъул бетIергьанчIужу, жамгIияй хIаракатчIужу Умижат ХириясулмухIамадовалъеги кьуна Сергей Меликовас «За патриотическое воспитание молодёжи» абураб Амет-Хан Султанил цIаралда бугеб медаль.

Умижат ккола «Ателье Баракат»: Шьем для наших. Невидимый фронт» абураб фондалъул нухмалъулейги. Гьелъ кутакалда жигар бахъула нилъер гIолохъабазе хинаб парталги, хIажатаб къайи-алатги Украинаялде битIизе.

Умижатица СВОялъул гIахьалчагIазе битIана 14000 футболка, тIагърал ва хинаб ретIел. Хасаб рагъулаб операция байбихьараб къоялдаса нахъего жиндирго пишацоялгун гьелъ аскариязе ретIел букъула ва щибаб моцIалъ рагъухъабазе хIажатаб къайи битIула. У. ХириясулмухIамадова жийгоги чанго нухалда щвана СВОялде гуманитарияб кумекги босун.

«Дие кумек гьабула гIадатиял гIадамаз. Щибаб моцIалда нижеца СВОялда ругел нилъерго гIолохъабазе ретIелгун кванил нигIматазул чанго тонна битIула. Жеги цIикIкIун кумек гьабизе бокьилаан нилъерго аскариязе», - ан абула Умижатица.

***ПатIимат СУЛТIАНМУХIАМАДОВА***

# Метер кватIун букIине бегьула



Дагъистаналъул Халкъияв хъвадарухъан, авар адабияталда жакъа цо хутIарав прозаик, лъикIав инсан, Шамил районалъул ТIелекь росулъа МухIамад ГIабдулхIалимов лъаларев чи магIарулазда гьоркьов ватиларин ккола.

МухIамад вуго гIадатияв, щибго чIухIи гьечIев инсан. КIалъайги букIуна гьесул къокъаб, магIнаяб.

ЛъикIаланго заман букIана хъвадарухъан вихьичIого. ТIолгодунялалъул Хъвадарухъабазул къоялда бан, пикру ккана ТубхIат Зургьаловагун цадахъ гьесухъе гьоболлъухъ ине. Ва гьаб гьитIинабго макъалаялда бокьун гьечIо гьес хъварал тIахьазул бицинеги, щварал шапакъатал ракIалде щвезаризеги. МухIамадил творчествоялъул хIакъалъулъ гIемер хъвайдалха газетазда. Гьединлъидал бокьун буго гьесухъе гьабураб сапаралъул ва гьелъ нижее гьабураб асаралъул хIакъалъулъ бицине.

ГIажаибго берцинаб гьимигун данде ячIана МухIамадил Аминат. Нижер гьаракь рагIидал, МухIамадги вачIана. Щибго хисараб жо гьечIоан. Долго махсарабиги долго гIакъилал жавабалги – довго МухIамад. Щаялиго ракIги кваригIизе бачIана, санал ран, кIодолъулев вугев хъвадарухъан вихьидал. Гьел пашманал пикраби аскIоса рачахъизе кумек гьабуна ТубхIатил махсарабаз.

*- Вай, дарман МухIамад, мун къачIан вугеб кучго щиб, берзул нур свинеб хIалалда,* - йилан харбиде жуяна ТубхIат.

*- ВукIинарищха, берцинал руччаби дихъе рачIунел ругин рагIараб мехалда. Амма кигIан гьаниги, кIвечIо Аминатида хъахIаб горде дихъе кьезе. Гьеб ретIун букIарабани, дун дагьавги берцинав вукIинароанищха,* - йиланги абун, велъана МухIамадги.

*- Валлагьги вукIинароанищха,* - йилан жиндирго къагIидаялъ ТубхIатги жуяна. *- Щайха, Аминат, дуца дагьавги къачIачIев нилъер МухIамад. Цо дуда бихьулеб бугебаниха, МухIамад, дуцаго ретIун бугеб чара-гъараб горде. Гьелъул чарлъиялъ, магIарда вугониги, вихьилаанха жакъа мун. РекъечIогоги гьечIебха гьеб, бугониги, хъахIаб гордеялъ кеп гьабилаан. Щайха, Аминат, мун кIвахIаллъарай хъахIаб гордеялда иту бахъизе,* - йилан цIадабе нарт тIезе жуяна ТубхIат.

Гьединаб махсараялдаса байбихьана нижер гара-чIвари. РакIалде щвезаруна авар адабияталда гьваридаб лъалкI тарал хъвадарухъаби МухIамад Шамхалов, Муса МухIамадов, ГIарип Расулов, ХIусен ХIажиев, ПатIимат МуртазагIалиева ва цогидали… УнкъоялдеанцIилъе сонал раханиги, жеги къартIалда вугев хъвадарухъанасул гIумруялъул дарсазухъги гIенеккана ниж.

Гьес ракIалде щвезабуна жиндирго тIехьалъул цIар – «Метер кватIун букIина» абураб. Кире? Лъихъе?

*- Метералде тараб лъикIлъи гьабизе кватIизе бегьула нилъ. Гьединлъидал лъикIлъи нахъбахъун тезе бегьуларо. ХIалкIун хехго гьабизе ккола. Лъихъе нилъ гIедегIизе кколел? Нилъер цIобалде ккаразухъе кумекалъулаб квер бегьизе. НахътIамун тезе бегьула гьабилин ракIалде ккараб квешлъи. Ццидакь ракIалде ккун батизе бегьула гьеб – цогидасе квешлъи гьабизе. Щиб лъалеб, ццин гIодобе буссиндал, гьеб пикруялдасаги ракIбуссине бегьулелъул чиясул. Жакъа дидаги, тIоцебесеб иргаялда, ракIалде щолеб буго, рес букIаго, гьабичIого гьоркьоб хутIараб лъикIлъи. Цоцазул ракIал лъукъиги, ццидалал рагIаби абиги, гIиси-бикьинаб жо сабаблъун, гьоркьоб кколеб тунка-гIусиги – гьеб кинабго нахъбахъун толеб гьечIони, гIумруялъул ахир къваридаб букIуна. ЦIуне нужго гьеб такъсиралдаса, гурони, къисматалъ къисас босизе буго,* - ян абуна гьес.

Гьединго хъвадарухъанас бицана, сахлъи букIарабани, кинал асаразда тIад хIалтIизе вукIаравалиги. Масала, бицана гьес университеталда жиндие дарсал кьурай Мадиевалъулги. РакIалде щвезабуна ЦIадаса ХIамзатица хъвараб «ГIажаибаб хабар» абураб кечIги. Гьениб шагIирас бицен гьабулеб буго ТIелекьа ГIисал МухIамадил ккараб кепаб ишалъул. Гьев вукIун вуго МухIамадил гIагарав чи. Гьесул къисматалъул хIакъалъулъги хъвазе бокьилаанин абуна гьес. Ва гьеб кочIол чанго куплетги рикIкIана гьес:

**- Батагъалде арав ГIисал МухIамил**
**ГIажаибаб хабар хъвазин кагътида.**
**Хун вукIарав гьалмагъ хвасар гьавидал,**
**Гьекъон мехтаразул бахъизин газет.**
**Цо пуланаб къоялъ гьалмагъ вуго ун,**
**Гьин рехизейилан лодкаги рекIун,**
**Ралъад гьалаглъараб гьуриги бахъун,**
**Гьалмагъзабаздаса вуго ватIалъун.**
**Гьесдаса хьул къотIун тIелкьадерица**
**ТIамун патихIагун магIирукъ лъуна.**
**ГIагарал- гIунтIарал тIаде-гъаделъун,**
**Гъосул хайрат квине хиял гьабуна…**

Ахир-къадги жив чIаго вугилан ругьел бачIун буго ГIисал МухIамадил. РагIун букIун батиларищха гьеб кечIги дида. Амма кIочон тун батана. МухIамадица бицунелъул, цIакъго кепги щвана.

Хабар дагьабги гьуинлъана Аминатица гьарурал цIурачадаздаги магIарул могьол гьадароялдаги нахъа.

Жакъа гIадаб хIабургъараб, гьереси-битIараб батIабахъизе захIматаб гьаб заманалда, МухIамадилгун букIараб дандчIваялдаса кIудияб рохел щвана нижее. Унго-унгоги, МухIамад ахирисев прозаикдай авар адабияталдайилан абураб пикруги бачIана цIидасан, гьесулгун къо-лъикI гьабулелъул…

# Анищазул куркьбазда

**МахIачхъалаялъул №29 школалда тIобитIана Дагъистаналъул адабияталъе ва маданияталъе сайгъат гьабураб фестиваль. Школалъул жанахIалъуре щваралго бихьулеб букIана гьеб къоялъ школалда букIараб рохалилаб ахIвал-хIал. Гьалбадерида дандчIвай гьабуна миллияб партал ретIарал васазгун ясаз. Данделъабазул залалде ракIарун рукIана цIалдохъаби, учительзаби, лъималазул эбел-эмен, журналистал, шагIирзаби, хъвадарухъаби, студентал.**



Умумузул къагIидаялъ къачIараб залалда иргадал цере рахъунел рукIана Дагъистаналъул миллатазул вакилзаби - учительзаби ва цIалдохъаби. Гьез рихьизарулел рукIана жидецаго ургъарал яги Дагъистаналъул хъвадарухъабазул асараздаса лъурал пьесаби. ЦIалана, ахIана, рикIкIана кучIдул. Къурдабазулгицин букIана гIажаибго киназдаго бичIчIулеб мацI - гьудуллъи, вацлъи, цолъи.

- Гьел гIамалал лъицаниги рахъизе гьечIо Дагъистаналъул халкъазухъа - гьадинаб букIана фестивалалъул ахIи.

Гьениб бицен ккечIого хутIичIо мацIазда сверухъ бугеб ахIвал-хIалалъул хIакъалъулъги.

- Жакъа нилъеца мацI цIунизе гуро кколеб, гьеб хвасар гьабизе ккола - гьадинаб букIана кIалъазе рахъарал школалъул директор МухIамад Халитов, шагIирзаби ТубхIат Зургьаловалъул ва Аминат ГIабдулманаповалъул, тахшагьаралъул лъай кьеялъул управлениялъул рахьдал мацIазул куратор Рукъият АбакархIажиевалъул ва цогидазулги рекIел ахIи.

Фестивалалъе хасаб берцинлъи кьолеб букIана Дагъистаналъул миллатазул квен-тIехалъги маданияталъе сайгъат гьарурал бокIназги. Байрам лъугIаниги, я чIахIияз, я гIисиназе бокьулеб букIинчIо нахъе ине. Къурди-кечIалъ цIидасанги рачана анищазухъе – бачIунеб гIелалъе умумузул мацIги, цIарги, маданиятги, тарихги цIунизе абураб ахIи даим гьабиялде.

*Шамай ХЪАЗАНБИЕВА*

# Къоно тIад чIваниги, чIаго руго нуж

**28 февралалда Россиялъул тарихалда цIар хъвана бахIарчиял бежтIадерил гIолохъабазул – Мухтар Сулеймановасул ва ГIабдухаликъ Къурбановасул.**

**2003 соналъул 15 декабралда ЦIунтIа районалъул Шаури росулъ ккана жамагIаталъулго рахIат хвезабураб лъугьа-бахьин. Сардилъ рачIарал «гьалбаз» гъоркьлъалие вачун ана лъабго бихьинчи. Гьезул цояв вукIана ТIалхIатов Шамил. «КватIараб сардил гIужалъ дир рукъалъул нуцIида кIутIана. Гьеб ричIизеян вахъана дун. НуцIа ричIиги тIолеб куцалда гьеб къватIибе цIайги цадахъ ккана: нуцIил кверкъел ккурав дунгоги къватIивехун цIан ана ахIичIого рачIарал гьалбаз. Спортивияб ратIилилъ, хIатIидагIицIго – къажаразул черекалги – жидеда цадахъ вачана дун гьез», – ан бицана Шамилица.**



Гьединго къватIиве вахъинавун вукIун вуго жеги лъабго чи: хIалбихьи бугев чанахъан ГIабдулхIамидов МухIамад, ГIабдурахIманов Жужу ва ХIажиев ГIабдугьапар. Жал рачунез бицунеб мацIалдаса цIунтIадерида лъана гьел чачанал рукIин. Гьезда гьорлъ Руслан Гелаевги вихьана гьезда. Яргъид гIуцIараб къокъаялъ гьезда лъазабуна жидеда нух бихьизабизе кколин абун.

Шаурисан унеб нух кIийиде бикьула: Мокъокъибе ва Шагьикье. Мокъокъибехун унеб нухде сверана хъачагъал. Гьезие бокьун букIана росурагIалда посталда ругел пограничникал чIвазе. Амма Шамилица гьезда бичIчIизабуна: «Посталда нилъер гIолохъаби руго. Гьел ккола лъикIал чанахъаби ва гьениб къвагьдей гьабуни, нуж рачIун ругеблъи тIатине буго», – ян. Гелаев гьес абуралда разилъана ва хъачагъазул къокъа сверана Хъебалъ росулъехун.

Нухда бугеб Гъалолъ росдаде гIагарлъидал (гьеб букIана сагIат 10 тIубараб заман), гьаваялда роржине байбихьана вертолетал. Гьединлъидал рахчун чIана рукIкIинегIан ва сагIат ичIгоялда росулъе ана. «Гьениса гIадамал церего гочун руго гIатIиракьалде. Росулъ гIумру гьабулеб буго кIиго хъизамалъ. Гьелги нижги цо рокъор ракIарана хъачагъаз. Къаси сагIат 11 тIубараб мехалда гьез росу тана, радал микьго тIубазегIан росулъа рахъунгеян нижедаги лъазабун», – ин ракIалде щвезабуна Ш. ТIалхIатовас.

15 декабралъул сардилъ ЦIунтIа районалъул полициялде вачIун вуго аскIоб бугеб «ГутIалъ» заставаялдаса солдат. Гьенив вукIарав дежурный ГьазимухIамад Къасумовасухъе цо кагъат къун буго гьес. Гьелда тIад хъван бугоан “ВАЗ-22, багIараб къералъул” абун. Гьеб щибан гьикъидал, солдатас абун буго, Шаурисан ругьел бачIанин, гьеб машина сверулеб бугин абун. ГIаздаца нухал рацараб ЦIунтIе гьаб тIадагьаб машина кин бахараб? Щал рачIине кколел гьелдаги рекIун? Гьес рахъинаруна полициялъул хIалтIухъаби ва ритIана Шауририхун. Гьезул нухмалъиялда вукIана капитан Радим Халикъов.



«Мармар гьецIоялда хъван руго цIарал
ЦIадулал васазул нилъер ВатIаналъ…»

БитIахъе Шаури росдаде гIагарлъулеб бакIалда машина хъущтIун ана. Пограничникал къватIире рахъана гьеб нухде гиризабизе. Гьеб бакIалда гьезде тIаде ккана хъачагъал ва къвагьдана. ИчIго пограничник чIвана, гьезда гьоркьов – хадувккун «Россиялъул БахIарчи» цIар къурав капитан Халикъовги. Хъачагъаз гьезул жаназаби тIад лъураб машина хъущтIизабуна Микъуда гIурулъе.

### Чанахъаби рахъана кумекалъе

ЦIунтIа районалде хъачагъал рачIин кватIичIого лъана МВДялдаги, ФСБялдаги, Хунзахъ бугеб пограничниказул нухмалъиялдаги. Районалда бахъараб ахIиялъ къватIире рахъинаруна бакIалъул бихьиналги. Гьез гьарулеб букIана ополчение гIуцIеян ва жидехъе ярагъ кьеян абун. Амма МВДялъул министр ГIадилгерей МухIамадтIагьировас инкар гьабуна: хъачагъазде данде гIураб къуват бугин абуна гьес. Гьелдаго цадахъ гьес кумекалъе ахIана машгьурав чанахъан МухIамад Рамазанов (Бархъали): «16 сон баралдаса нахъе чанаве хьвадула дун. Гьал мугIрузда бугеб щибаб сухъмахъ лъала дида. Дица гьираялда кумек гьабуна хъачагъал ралагьизе. КватIичIого ниж ккана 10 чиясул лъалкIалда тIаде», – ян бицана хадубккун «Орден Мужества» абураб шапакъаталъе мустахIикълъарав МухIамадица.

Кумекалъе вахъана цоги чанахъан – Сагьада росулъа МухIамадрасул (гьесда абулаан Кавказалъул гьалбацIилан). Хадубккун Николай Патрушевас гьесиеги къуна «Орден Мужества». «ВертолеталдаСан Куса-кIкIалахъе къвагьдолел рихьана дида. Къасияльде ана Мекали росулъе. Гьенив дандчIвана офицералгун. Гьеб заманалда ЦIунтIе рачIун рукIана генерал Аркадий Бакин, Россиялъул БахIарчи генерал Сергей Липовой, Железноводскиялдаса пограничниказул къокъаялъул начальник ГIабдула ХIажиев, Волгоградалдаса разведчиказул батальоналъул командир Тарас Давыденко (хадувккун Россиялъул БахIарчилъун вахъана гьевги).

ГIадилгерей МухIамадтIагьировас абуна, жидее кумек хIажат бугилан. Кинха гьабилареб? АхIичIого рачIарал ва дир ракьалда парахалъи толарел «гьалбал» хIажат гьечIо нижее. Нижер буго чанахъабазул тухум. Районалъул киналго сухъмахъал мерхьана дица.

Аскариязул кIиго къокъа гIуцIана ва цояб къокъаялда цадахъ дун вахана магIарде. Гьенисан, хъатиниб лъураб гIадин, тIолго сверухълъи бихьула. Рихьана хъачагъал. ХIукму ккана гьезде гIагарлъизе. МагIардаса гъоркье накIкIил рохьосан унаго, щибго квалквал букIинчIо, амма махигъутIбузда гьоркьосан унаго, хъачагъазда ниж рихьана. Байбихьана къвагьдезе, ва цо аскарияв чIвана, кIигояв лъукъана. Гьебмехалда хIукму гьабуна рукIарабго бакIалде тIадруссине. Гьенисан къвагьдана доздe.

Балеб букIана гIазу. Радалалде Сагьада росдаде гIагарлъухъе щварал хъачагъал, лъабиде рикьун, рахърахъалде ун ругоан. Цоял – Бидул нохъодехун, цоял – Гуржиялдехун ва лъабабилел – ЦIумадехун. ЦIумадехун арал, гIаздал гIансиги тIун, хвана. ХутIаралги чIвана, гьезда хадур лъугьарал аскарияз», – ан бицана МухIамадрасулица.

Амма чIвараздаги лъукъараздаги гьоркьов ватичIо хъачагъазул цевехъан. Абулеб букIана, гIазу биун хадуб, гьесул рукьби ратизе рес бугин абун.

### Гуржиялде ворчIизе хъулгун

Гелаев ваккана ракIалдаго гьечIеб бакIалда – БежтIа участокалъул Южулълъ кIкIалахъ.

27 февралалда «МушакI» заставаялда вукIана кIиго гIолохъанчи, кIиго гьудул – Мухтар Сулеймановги ГIабдухаликъ Къурбановги. Жеги хъизам гьабичIев Мухтарги лъади ячун бащдаб лъагIелцин инчIев ГIабдухаликъги. 28 февралалда гьел тIадруссине кколаан рокъоре – хIухьбахъиялъе. Амма посталъул начальник, лейтенант Алексей Нечаевас гьезда абуна, пуланаб бакIалда цо щакав чи халлъанин, гьев щивали халгьабизе айилан абун. «КIудияб ганчIида нахъасанги ваккун, кьурун вуссун ана гьев. ГIиял къавуде вачIарав вехь аскIове вачIинчIого вукIинароан. Гьев чи гьаниве ваче», – ян лъазабуна пограничниказда Нечаевас.

Ана кIиявго гьудул буюрухъ тIубазе. ЦIиноялде бахараб гIаздалъан ине расги бигьа букIинчIо гьезие. Церехун унел гьезда вихьана ярагъ борчарав чи. Хехлъизабуна гьез хIетI – дов чи лъутулевлъи халлъидал. Амма гIумруялъул хIинкъи цIикIкIарал гIемерал бакIаздаса ворчIарав, хIалбихьи бугев хъачагъас гьазие хIилла ургъана. ГIаздада ругел гьесул лъалкIда хадур унел гIолохъаби махсараде ккуна гьес. Вихьулеб бакIалдасан цевехун арав гьев харун вуго магIарде ва, тIадвуссунги вачIун, гьотIода нахъа гьоркьочIел гьабун буго. ХIалакун унел рукIарал пограничниказде гулбузул цIад базабула хъачагъас. Данде къвагьдола кIиявго гьудул. Хъачагъ лъукъула – патронал лъугIизегIан къвагьула гьез, амма гьеб бакIалда кIиявгоги къадаралде щола…

2004 соналъул тIоцебесеб марталда БежтIа росулъ магIирукъ лъуна. КIиго гьудул, кIиго бахIарчи къаникье араб чIегIераб къо…

Пачалихъалъ кIодо гьаруна бахIарчияЛ гIолилал – кIиясего къуна «Россиялъул БахIарчи» абураб цIар, гьабуна гьезул хъизамазе гIарцул кумек. Россиялъулго тарихалда меседил цIарал хъварал гIолилал лъугьана росдал чIухIилъун.

20 сон ана гьеб къваридаб лъугьа-бахьин ккаралдаса нахъе. ГIун рачIана бахIарзазул цIарал лъурал цIиял гIолохъаби. Амма даималъего бакьвана Мухтарилги ГIабдухаликъилги къалбазул гьотIол гIаркьел…

*Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА*

# Сахлъи бокьун батани – кIал ккве



**МухIамад ХIАЖИЕВ, «Нур-ул ислам» газеталъул бетIерав редактор, Дагъисталъул муфтиясул гIакълучи**

**Коммунистазул заманалда Бакълъухъ росулъе рамазан моцIалъ цIех-рехалъ вачIарав чияс, гIисиназги чIахIиязги кIал кколин бициндал, абун бугила: «Себя не жалеете, хоть детей пожалейте», - ян. ХIакъикъаталдайин абуни Халикъас нилъее гьаб дунялалда чорхое сахлъиялъе пайдаби ва ахираталъе рикIкIун хIалкIоларел нигIматал данде гьарун руго кIалкквеялъулъ. Гьеб ккола Аллагьас инсанасе кIиябго рокъоб пайдаялъе къураб гIамал.**

**Аллагьас Къуръаналда абун буго (магIна): «КIал кквезе нужее лъикIаб буго, нужеда лъалебани», - ян («Бакъара», 2/183). Гьаб аяталъул хIисаб гьабулаго, гIалимзабаз кIвар буссинабула гьениб хитIаб гьабураб къагIидаялде – битIахъе амру гьабичIого Аллагьас нилъ лъикIалде гьесизарулел руго, амру гьабизеги кIолеб букIиндалха Гьесда. Гьебги буго Аллагьасул рахIматалъул цоги бутIа.**

**Гьединго 15 гIасругIан заманалъ цебе свалат-салам лъеяв Расуласги абуна: «КIал ккве – нуж сахлъила», - ян. Гьелдаса нахъе гIелмуялъе зама-заманалдасан якъинлъулеб буго гьел рагIабазул ритIухълъи. Гьанжесеб гIелмуялъ чIезабун буго кIал кквеялъ (ракъиялъ) инсанасул сахлъиялъе 210 батIияб пайда гьабулеблъи!**

## Аутофагиялъул кутак

ГIелмуялъ чIезабун буго инсанасул чорхолъе сордо-къоялда жаниб 8-ялдаса 16 сагIаталде щвезегIан квен бачIунеб гьечIони, сахлъиялъе пайда букIунеблъи – гьелъул хIасилалда унтарал ва хварал клеткаби загьирлъизарулел руго, черхалъ гьарулел руго гьезда тIад хIалтIулел хасал белокал. Гьелда цIар буго аутофагия. Гьеб цIиргиялъухъ Япониялдаса гIалим Есинори Осумие 2016 соналъ Нобелил премия щвана. Осумица чIезабуна чи ракъараб мехалъ гьесул чорхолъ хIажатаб хIалтIизабулел, хIажат гьечIеб нахъе рехулел тадбирал лъугьунеллъи. ТIоцебесеб иргаялда, нахъе гьарулел руго микробал, ракалъул клеткаби, вирусал, хварал яги загIипал клеткаби.

Гьединлъидал жакъа гIемерисел рачIун руго кванилъ «интервалияб ракъи» абураб къагIида хIалтIизабиялде, ай сордо-къоялда жаниб гIицIго кIиго нухалъ кванала: радал ичIгоялда ва къаси щугоялда.

Нилъер заманалда дунялалда гIемерлъун руго ракъизарун унтаби сах гьарулел клиникаби.

Гьеб къагIида хIалтIизабула рухIчIаголъабазги, ай унтараб мехалда рухIчIаголъабаз квандаса инкар гьабула. Квен бихIинабулаго черхалъул гIемераб къуват (энергия) холелъулха.

## Клетка херлъизе биччаларо

КваначIого чIун, клеткаялъул къуват квен бихIинабиялдаса эркенлъараб мехалда гьелъ хварал клеткаби ва клеткабазул хисарал бутIаби тIаса инарула, гурони гьез унти ккезабула.

Ракъиялъ клетка херлъиялъеги квалквал гьабула, ракъиялъул хIасилалда эркенал радикалаз клеткаялъе зарал гьаби, гьеб биххизаби дагьлъулелъул. Гьединго ракъун чIеялъул хIасилалда инсанасул чорхолъ ракалъул клеткабазул рикьи чIола, чорхолъ тIибитIизе биччаларо. Ракалъул клеткабазе гIемераб къадаралда питательниял веществаби хIажалъула, гьединлъидал ракъун чIун, клеткабазде квен бачIунгутIиялъ гьезие лъалеб асар гьабула.

Ракъиялъ чорхол клеткаби цIилъизеги гьарула, дагьлъизабула ракалъ унтаразе гьабулеб химиотерапиялъул заралияб асар. Инсан вакъун чIеялъул хIасилалда «ракъулел руго» унтаби ккезарулел бактериялги, ай дагьлъулеб буго гьезул къадар. КIалкквеялъ бигьалъизабулеб буго кванил нигIматаз багъаризабулеб аллергияги.

Инсан вакъун чIараб мехалъ гьесул бидулъ чакаралъул къадар гIодобе ккола, ва гьеб мехалда черх хIажатаблъун лъугьуна данде бакIараб къаралъи хIалтIизабизе. Чи вакъичIеб мехалъин абуни, гьелъ гьелдаса пайда босуларо.

Ракъиялъ, чорхолъа токсинал къватIире инарун, чехь-бакь бацIцIад гьабула. Гьелъул хIасилалда пайда ккола иммунияб гIуцIиялъе, гьелъул 70 процент чехь-бакьалда бараб букIунелъул.

Ракъиялъул хIасилалда тIулалъ ругел загьраби къватIире иналъул гIаламат ккола чиясул гIетIалдаги кIващалдаги рокьукъаб махI букIин. КIал кквеялъул хIасилалда инсанасул цIайи тIаса уна, цIайи цIикIкIиналъеги, унтаби ккеялъеги гIиллабазул гIемерисел хIажаталдаса цIикIкIун калориял чияс хIалтIизари кколелъул.

## ТалихIалъул гормонцин цIикIкIуна

Ракъиялъ рукIалиде ккезабула бидул тIадецуй, гIодобе ккезабула квешаб холестериналъул къадар. Гьединлъидалин кIал кколеб заманалда тромбал ва гьезда хурхарал гIузраби ккеялъул хIужаби дагь рукIунел. Гьединго ракъиялъул хIасилалда бидулъ инсулиналъул къадар дагьлъула, рекIел сахлъи лъикIлъула, бидул хьвадиялъе лъикIаб асар гьабула, гьеб тасдикъ гьабун буго гIелмиял цIех-рехазул хIасилазги.

Ракъиялъул хIасилалда бидурихьал рацIцIалъула, рекIел кIутIи цокIаллъула, хроническиял унтаби сахлъула, гьединго гьел лъугьиналъе квалквал гьабула, рищалабазде унти лъугьине толаро, ацетилхолин абураб гормоналъул къадар цIикIкIиналъул хIасилалда цIалараб ракIалда чIеялъе, пагьму лъикIлъиялъе кверба-къула. КIал кквеялъул, ай ракъиялъул хIасилалда цIалдезе гьира ва бажари цIикIкIуна. Япониялдаса гIалимчи Йошинори Нагумоца гьеб тасдикъ гьабуна ва лъикIаблъун бихьизабуна, пагьмуялде цIакъго хIажалъани, сордо-къоялда жаниб цо нухалъ кваналда гIей гьабизе. Гьединго ракъун чIараб мехалъ хIатта талихIалъул гормон, ай серотонин цIикIкIунеб батана.

Ракъи ккола иман камил гьабулеб къуватаб тимар. Гьелде тIадеги ракъун чIеялъ гьава-напс квегъула, напсалъе бокьараб гьабиялдаса нахъчIвала, ракъиги напсги битIахъе цоцазда хурхарал ругелъул. ГIорцIараб напс, бакъаралъул гIаксалда, куцазе захIматаб букIуна. Напс гьаб дунялалдаги ахираталдаги балагьазул ицц букIин лъиениги балъголъи гуро. Гьединлъидал кIал кквеялъул хасго цIикIкIараб кIвар буго лъималазе. ГIадада гуро шаригIаталъ как базего гIадин, кIал ккезеги лъимал анкьго сон бараб мехалдаса нахъе тIамизе бихьизабун бугеб, балугъалъараб мехалъ гурони парзлъун лъугьинчIониги. ГьитIинаб мехалдаса нахъего куцан, лъималазулъ Аллагьасукъа хIинкъи бекьуна. Гьединаб лъимералъ киданиги такъсир гьабуларо. Щайин абуни, гьесда лъалелъул жив кидаго Аллагьасда цеве вукIин, Гьесдаса балъгояб жо щибго букIунареблъи.



## Черх гуребги рухIияб рахьги сахлъула

Калифорниялъул Дэвисил университеталъул цIех-рехаздалъун чIезабуна кьокъаб яги халатаб заманалъ вакъун чIеялъ инсанасул иммунитет борхизабулеблъи, унтаби дагьлъулеллъи ва гьелъул хIасилалда инсанасул гIумру халалъулеблъи.

ГIелмияб игIжазаялъул рахъалъ машгьурав гIалим ГIабдулмажид Зинданияс хьван буго: «Жакъасеб гIелмуялъ ракъи рикIкIуна унтаби сах гьаризеги гьел лъугьин гьукъизеги хIажалъулеб дарманлъун. КIал кквеялъ черх гуребги, рухIияб рахьги сах гьабула. Гьелъ чиясулъ Аллагьасукъа хIинкъи куцала. Квен кванай, лъим гьекъей, гьаваялда нахъвилълъин гIадал бищун къуватал инстинктал Аллагьасе гIоло толев чи хIарамалде гIагарлъуларо», - ян.

Ракъиялъул хIасилалда черх токсиназдаса бацIцIалъула, батIи-батIиял железабаз гьарулел секрециял дагьлъизарула. Масала, магIу дагьлъула ва гьелъул хIасилалда гIодобе ккола берзул давление, глаукома ккеялъе хIинкъи нахълъула.

Ракъиялъул хIасилалда натриялъул къадар цIикIкIуна, кальциялъул къадар дагьлъула - гьелъ рекIел ва бидурихьазул гIемерал унтаби сахлъиялъе кумек гьабула.

Ракъиялъул хIасилалда пайда ккола астмаялъ унтаразе, альвеолабазул клеткабазулъ гистамин дагьлъулеб букIиналъе гIоло.

Ракъиялъул цIакъ пайда букIуна шизофрения ва гьелда релълъарал психикаялъул унтаби ругезе. Москваялъул психиатриялъул институталдаса доктор Юрий Николаевас унтарал сах гьаризе хIалтIизабулеб буго ракъиялъул схема. Гьелъул хIасилалда унтаразул сахлъи 65 проценталъ лъикIлъун буго. Ракъиялъе тIоцебесеб гIелмияб къимат жакъасеб гIелмуялда жаниб гьес къуна. 1976 соналда биччараб «Голодание ради здоровья» абураб тIехьалда гьес хьван буго сахлъи щулалъиялъе гIадамал, хасго шагьаразда гIумру гьабулел лъагIалида жанир 3-4 анкьица ракъун чIезе кколилан. ГIажаиблъи, гьеб данде кколеб буго бусурбабаз паризаяб кIал кквеялъул болжалалда.

1928 соналда Амстердамалда, халкъазда гьоркьосеб медицинаялъул конференциялда, доктор Дитерман цеве вахьана киналго гIажаиблъизарураб кIалъайгун. Гьес рехсана гIемерал соназ ракъиялдалъун жинцаго гIадамазул жанисел унтаби сах гьариялъ къурал хIасилазул баянал. Кутакал бахIсаздаса хадуб гIалимзабаз хIисабалде босана дунялалъул киналго тохтурзабазе лъикIаблъун бихьизабизе рекIел ишемия, бидул тIадецуй бахин ва гIемерал цогидал унтаби сах гьаризе ракъи хIалтIизабизе.

КIал ккурал гIадамазул цIех-рехал гьаридал лъугьана цоги гIажаибаб цIиргьи. Къеч цIикIкIараб мехалъ чорхолъа къватIибе унеб кIващ дагьлъизабулеб АДГ гормон гIемерлъулеб буго. Гьеб мехалъ черхалъ байбихьулеб буго лъим тканаздаса, гьединго гIадалнахалъул клеткабаздаса босизе, гьелъул хIасилалда пагьму лъикIлъулеб буго. ХIатта хIайваназдагицин ракъараб мехалъ малъарал командаби ракIалда лъикI чIолел руго.

## МухIамад Рамазанов:

# «КIиго рахьдал мацI буго нилъер»

**Лъималазда магIарул мацIалда кIалъаниги, жаваб гIурусалъ кьолин абун зигара-бакъ букIуна гIемерисел умумузул. Кин батаниги, гIурус мацIалдаса инкар гьабизеги рес гьечIо, магIарул мацI цIуничIогоги гIоларо. Щибха гьабилеб? Гьеб суалалъе жаваб батун буго педагогикиял гIелмабазул доктор, профессор МухIамад Рамазановасда. Гьес тахшагьаралда рагьун буго «Кавсар» абун цIар лъураб лъималазул ах-школа. Гьенир гьитIичал ругьун гьарула магIарул мацIалда кIалъазе, малъула гIараб, ингилис мацIалги.**

**«КIиго рахьдал мацI дандчIвала нилъер гIумруялда. ГIуруcги миллиябги гъорлъ жубан буго. МагIарул мацI цIунизе ккани, пикру гьабизе ккола гIурус мацI цадахъ гьечIого гьеб лъималазда батIаго малъизе кинго рес гьечIеблъиялъул.**

**Жакъа гIурус мацI буго гIемер миллатал ругеб шагьаразда гIадамал цоцазда ричIчIизеги цогидал рукIа-рахъиналъул суалазулъги хIажалъулеб мацI», - ан бицана МухIамадица.**

**Гьесда магIарул мацI малъун буго украинайлъун кколей эбелалъ. Елена Васильевнаялда талихI батана Дагъистаналда, Шамил районалъул Хьиндахъ росулъ. Гьелъ, дарсал кьун, цIалдохъабазул чанго гIелги куцана. «Дагъистаналда батана дида талихI» абураб 1999 соналда бахъараб документалияб фильмги Елена Васильевнаялъул ва гьелъул хъизамалъул хIакъалъулъ буго.**

**«Кавсар» лъималазул ахги МухIамадил эбел-эмен Багьавудин ва Елена Рамазановазул цIаралда буго. Еленаца ислам босана Багьавудиние индал. Гьей КъахIиб районалъул комсомолалъул обкомалда лъабабилей секретарьлъун хIалтIизе йитIун ячIун йикIана доб заманалда. Багьавудин рагъде индал, гьей тIамуна учительлъун хIалтIизе.**



### ГIемерал мацIазда кIалъай захIматаб иш гуро

ЦIакъ захIматаб жо буго гIурус мацIалъул кумекалдалъун магIарул мацI лъазабизе. Гьедин малъана нижедаги эбелалъ магIарул мацI. Гьебги жиндирго цIалдохъабаздаса ва тIахьаздаса лъараб букIана гьелда. Эмен регIулароан нижеда магIарул мацI малъизе. Гьанжесеб гIелалъул лъималазда гьеб къагIидалъ малъун гурони батIияб рес гьечIо магIарул мацI лъазеги.

«Россиялъул халкъал» абураб ТIолгороссиялъул форумалда гIахьаллъулев вукIана дун. Гьеб форумалда киназего гIаммаб ургъел батана - миллиял мацIал тIагIунел рукIин. Щиб гьабизе кколеб мацIал цIунизеян абураб суал борхун букIана гьениб. ГIурус мацI киназего рахьдал мацIлъун лъугьунеб буго, щайгурелъул эбелалъул ургьибго лъимада рагIулеб бугелъул гьеб.

Дица дидаго цебе масъала лъуна гьанже щивасул гIумруялъулъ гIурус мацI щулалъараб мехалда, гьелдаса рорчIизе бакIги гьечIелъул, бачIунеб гIелалда кIиябго мацI малъизе кколин абун. Гьедин ракIалде ккана магIарул мацI малъулеб лъималазул ах рагьизеги. Гьеб ккола рахьдал мацI цIуниялъе гIуцIараб гIелмиябгун педагогикияб эксперимент.

ГIелмияб рахъалги халгьабуна дица гьелъул. Инсанасухъа бажарула лъабго-ункъо мацIалда эркенго кIалъазе. Лъимер кибе щваниги, гьелъ бокьараб миллаталъул мацI босула», - ян бицана М. Рамазановас.

### Кавсар - алжаналъул лъар

ГIараб мацIалдаса буссинабуни «Кавсар» рагIул магIна ккола Алжаналъул лъарин абураб. МухIамад Рамазановас «Кавсаралда» лъималазе рухIияб тарбия кьеялде цIикIкIун кIвар кьола. Гьениб гьитIичазе гIуцIун руго цIакъ лъикIал шартIал. ГьитIичазги хIаракат бахъулеб буго магIарул хIарпал битIун рахъизе. Бихьулеб букIана дарсида малъун гурони, гьел рокъор магIарул мацIалда кIалъалареблъи. МугIалималъ магIарул мацIалда кьурал суалазе жаваб кьезе бажарулеб бугоан гьитIичазухъа.

«Кавсаралъул» нухмалъулей Барият Рамазановалъ бихьизабуна нижеда гьитIичазе дарсал кьолеб къагIида. Щибаб дарсил план буго гIурус ва магIарул мацIазда. Цин магIарул мацIалда бицун, цинги гIурусалде таржама гьабун малъулеб буго мацI. Байбихьул классазул лъималги хьвадула гьенире магIарул мацI лъазабизе. ГIемерисеб мехалда кIодоэбелалъ яги кIудадаца щвезарулин лъимал «Кавсаралдеян» бицана Бариятица.

**Барият Рамазанова:**



«Руго жидедаго магIарул мацI лъаларел, амма лъималазда гьеб лъазабизе бокьарал эбел-эмен. Гьединал хъизамаздаса лъималазда рахьдал мацI малъулелъул, гIурусги магIарулги мацIал цадахъ хIалтIизаризе ккола. ТIабигIат лъазабиялъул дарсидацин щибаб рагIи цин магIарул мацIалда малъула, хадуб гьеб гIурус мацIалда кин абулебали бицуна.

Лъималазул ах рагьаралдаса лъагIелги бащдаб ана. Нижеца хIалбихьана цадахъ хIалтIулел гIадамазул лъималазда магIарул мацI малъизе. Шагьаралда гIумру гьабун ругезе цIакъ захIмалъула лъималазда мацI малъизе. Хасго гьезул хъизам батIи-батIиял миллатазулаблъун бугони. Масала, дир бетIергьанчи ккола магIарулав, амма гьесул диалект батIияб буго. Гьев ккола ЧIарадаса, дун Шамил районалдаса. Гьединлъидал нижер лъималазда лъалароан магIарул мацI. Сверухъ ругел гьеб мацIалда кIалъалел гьечIони, лъималаздаги ракIалда чIолеб гьечIо.

Байбихьуда, лъимал ругьунлъизегIан, лъабго моцIалъ ниж кIалъалаан гIурус мацIалда. Хадуб байбихьана гIурус мацIалда абурал рагIаби, гьеб бакIалдаго магIарул мацIалде руссинаризе. Гьанжеяйин абуни лъималазда магIарул мацIалъ нилъеца бицунеб жо бичIчIулеб буго, амма кIалъазе бокьулеб гьечIо. Кьурал суалазе жавабал кьола, амма жидедаго гьоркьоб бицине нечола. ЗахIмалъулел руго магIарул хIарпал рахъизеги. Гьединлъидал лъимал гIурус мацIалда кIалъазе лъугьани, нижеца гIурус мацI бичIчIулареб ххвел гьабула. Жидее къваригIараб жо цIевзе бокьани, магIарул мацIалда кIалъачIого рес щибха гьезул. Гьедин ругьун гьарула мацI бицине.

«Кавсаралъул» хIалтIухъаби цоцазда магIарул мацIалда гурони кIалъаларо. Гьелъги рес кьола лъимал магIарул каламалде ругьун гьаризе».



### Профессорасул педагогикиял хIалбихьиял

**МухIамад Рамазанов:**

«Цо-цо гIолохъанал улбузе ургъел гьечIо лъималазул тарбиялъулги лъаялъулги. Гьез цIехола вахта бугищ, лъимал нахъе кида рачине ккелелин абун.

МагIарулазе рахьдал мацI къваригIун батани, гьеб гьитIинго малъизе ккола. Дида Болгариялда бихьана цIалул тIахьазда цояб рахъалда гIурус, цогидаб рахъалда рахьдал мацIалда хьван. Гьединабго къагIида хIалтIизабулеб буго нижецаги».

МухIамад Рамазановас гIуцIана ва гIумруялде бахъинабуна социалияб-гун педагогикияб кIвараллъул чанго проект. Гьеб ккола дунявиябгун диниябго лъай кьолеб «Земфира» школа, «Амина» абураб лъималазул журнал ва «Педагогикияб кверхбакъи» абураб телепередача. Гьале гьанже «Кавсар» - кIиго рахьдал мацIалъул лъималазул ахги рагьана гьес.

Гьел проектазул аслияб мурадлъунги ккола бачIунеб гIелалъул рухIияб рахъ цебетIезаби.

«Земфира» школалъул директор, «Кавсар» лъималазул ах гIуцIарав, социалияб ва юридикияб факультеталъул хIалтIухъан МухIамад Багьавудиновичасул хIакъалъулъ «ХIакъикъат» газеталда чанго соналъ цебеги хьван букIана. 80 сонил ригьалде ваханиги цIакъ роцIцIараб гIакълуялъул, бокьараб ишалъе жигар бугев магIарулас бачIунеб гIелалъе гIуцIулеб бугеб рухIияб бечелъиялдаса мисал босизе бегьила нилъецаги.

*ПатIимат СУЛТIАНМУХIАМАДОВА*

# Президентасул хитIабалдаса хадуб

**Исанасеб президентасул хитIабалъул кIвар цIикIкIараб букIана диеги дунго гIадал рагъда васал ругел умумузеги. ГIадат хIисабалда, мухбирзабаз пикру цIехола кIудиял хъулухъазда ругел хIакимзабазда, сенаторазда, депутатазда. Гьезги кутакалда лъикIаб къимат кьеларищха. Дир пикруялда, президентасул хитIабалъул хIакъалъулъги, улкаялда бугеб ахIвал-хIалалъулги пикру цIехезе ккела гIадатиял гIадамазда ва гьанже абуни, рагъда васал чIварал улбузда, руччабазда, жакъа ватIаналъе гIоло рухI кьезе хIадурал гIолохъабазул умумузда. Гьединлъидал дирги ва дун гIадиназулги ихтияр буго президентасул хитIабалда бан ва хIукуматалъул хIалтIуда хурхун пикраби загьир гьаризеги.**



КIиго сон ана Украинаялда хасаб рагъулаб операция байбихьаралдаса. Россиялъул армияйин абуни багъулеб буго тIубараб НАТОгун. Гьединлъидал цIакъ кIвар кьун гIенеккана Путинил хитIабалъухъ. Щай абуни, дирги ва дун гIадиназулги ботIролъ бугелъулха цо пикру - хехго лъугIулебани рагъ ва, бергьенлъиги босун, чIагого рокъоре руссунелани васал абураб.

Кутакалда разилъана ва бадиб магIу хулана хитIабалъухъ гIенеккизе рагъда ругел гIолохъабазул къокъаги ахIун, кIудиял хIакимзабазда, сенаторазда, депутатазда, губернаторазда аскIор гьел гIодор чIун рихьидал. Гьел руго дир васасул рагъулал вацал! Дида цеве тIамуна рагъда вугев дирго васги. Залалда гIодор чIараздаги гьел бахIарчиял гIолохъаби рихьидал, жидерго васалги тIамун ратиларищха цере! Гьезул гIемерисезул васал кир ругелали дида лъаларо, мобилизацияги киназего гIаммаб букIинчIелъул, добровольцал абулел гIолохъабиги цIакъго къвакIарал ракIазуллъидал рукIунел.

Президентасул хитIабалда дица цIар лъелаан бачIунеб анлъго соналъул хIалтIул ва Россия социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетIезабиялъул программаян.

ХитIабалда президентас бицана харжал, пенсиял, лъималазе кьолеб гIарац, Эбелалъулаб капитал цIикIкIинабизе букIиналъул хIакъалъулъ. Бицана школал, лъималазул ахал, сахлъи цIуниялъул, культуралъул, спорталъул бакIал разе, нухал рахъизе, лъинал рачине, газалдалъун гIадамал хьезаризе рукIиналъул. Къокъго абуни, анлъго соналда жаниб Россиялъул гIадамазул рукIа-рахъиналъул иш жеги лъикIлъизабизе пикру буго. БитIараб бицани, жакъа бугебги дие ва дир хъизаналъе гIунги тIокIаб буго. КIудияб хъала гьечIониги, жанир чIезе цотIалалъул минаги буго, бачIуна пенсияги. Чедги, цIамги, чакарги босизе рес рекъола. ЦохIо чедги кванан, данде чайги гьекъон чIезеги рази вуго, рагъги лъугIун рокъоре чIаго васал тIадруссаралдаса!

Гьединлъидалин президентас ахиралдаги абураб: «Гьаб кинабго бицарабщинаб гIумруялде бахъинаби бараб буго жакъа рагъда ругел гIолохъабазда», - ян.

Исанасеб хитIаб букIана тIубанго Украинаялда унеб бугеб хасаб рагъулаб операциялда хурхараб. Гьединлъидал дунги гьелдаса разилъана ва дица гьаб кIиго соналда хъвалеб, бицунеб бугебщинаб жо Путиница цIалун ва гьесда рагIун батизе бугин ракIалдецин ккана.

Дир гIемерисел кучIдул ва макъалаби рахъун рукIана «ХIакъикъат» газеталда. ГIурусалъ хъварал пикраби, президентасдехун ругел ахIиял цIалана ва рагIана гIемерал гIадамазда, рагъухъабазда ватсапалъул ва интернеталъул кумекалдалъун. Гьел киналгойин абуни руго рагъда вас вугев инсул рекIел ахIиял.

Дир ярагъ ккола рагIи, бугелда бугебин аби. Дирги дун гIадиназулги ихтияр буго, лъидасаго намуслъичIого, бачIунеб гIелалъе ВатIан бокьиялъул бицинеги, бихьинчилъиялъул дарсал кьезеги. Дица цо кочIолъ хъван букIана гьадин:

**Сталинил васал рагъда рукIанин,**
**Мисалалъе раче рахчарулезе.**
**Наркомазул лъимал кьалда рукIанин,**
**История малъе министеразда.**
**Цо-кIиго депутат рагъдеги вахъун,**
**ТIубазе бугодай мобилизация?**
**Мискин-пакъираца ярагъги борчун,**
**Бечедазул лъимал киредай ругел?**
**Указалда рекъон рагъде рахъине**
**Ихтияр букIуна резервистазе.**
**Рес бугезул тIанчIи, хIакимасул вас,**
**Армейцазул кьерда рукIунарелъул.**

Цогидаб кочIолъ рукIана гьадинал рагIаби:

**Ниж рагъизе руго, лъутизе гьечIо,**
**Бергьенлъиги босун руссине руго.**
**Ва амма гьеб мехалъ дуца рахъ ккуни,**
**Хисизе бугебха тIолабго гIуцIи!**
**ХIукуматги кванан кепалда ругел,**
**Киредай тIурила ниж рачIун хадур?**
**Кьалде нижги ритIун, васал рахчарал**
**Бечедал чагIазул бугебха сияхI.**

РагIун ругогурищха Путинида гьал дир рагIаби! Лъалеб букIун бугогурищха Путинида улкаялда бугеб ахIвал-хIал! Гьаризехъин руго гурищха гьес тадбирал.

Дица дирго ахIиязда абулеб ва хъвалеб буго хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIи хIалтIудалъун хьезаризе кколин лъаялъухъ балагьун хIукуматалъул идарабазда, хъаравуллъиялъул органазда, шагьаразул, районазул ва росабазул администрацияздайилан абун. Бачина цо мисалги. Президентасул рищиязда В. Путинил божарав чилъун вугилан цIалана ГIалибег Хъазанбиев. БитIараб бицани, дида гьев лъаларо. Ва амма гьев бахIарчи, Каспийскиялда бугеб школалъул директор, жиндиего бокьун хасаб рагъулаб операциялдеги ун, Бихьинчилъиялъул орденги каранда бан тIадвуссун вуго. Балагьараб мехалъ гьев саламатаб ригьалъул чиги вугин ккола. Гьев вуго ва вукIина мисаллъун цIалдохъабазеги гьезул эбел-инсуеги. Гьеле гьединал руго жакъа мустахIикъал нухмалъиялда рукIине!

Рагъда хварал тIадруссинаро. Ва амма гьезул гIемерисезул руччаби, лъимал ругелъул, къватIазда, школазда лъурал цIараз, рукъзабазда чIварал хъарщаз гьезул лъимал хьихьуларо. РФялъул ПачалихъияБ Думаялъ хасаб законги къабул гьабун ялъуни бугелда хисабасиги гьабун бесдал хутIараб щибаб лъимадуе чIезабуни лъикIаб букIина щибаб моцIрое пособие гьез 18 сон тIубазегIан, МРОТалъул къадаралдаса дагьаб гьечIеб. Рагъда эмен чIван хутIарал лъималазе (хъизаналъе) босизе ккела рукъги, гьезул гьеб батаниги, батичIониги.

ВатIаналде къо ккедал ярагъ борчарал кIодо гьаризеги, цогидазда къиматаб даражалде рахинаризеги тIадаб буго.

*ХасмухIамад МУСЛИМОВ*

# Рищиязул хIалуцин – хIасилал лъикIлъиялъе

**Рищиязда хурхун «хIалуцин» абураб рагIи хIалтIизаби кколаро гьезда бан нилъер жамгIияталда цоцазул пикраби данде кколарого ялъуни цебелъураб аслияб масъалаялда рекъоларого, цоцалъ къацандулел, дандечIарал къокъаби раккун, къецалда ругин аби. Улкаялъул президент вищи буго кутакалда кIвар бугеб лъугьа-бахъин. Цевехъанасда бараб жо гIемер букIунеблъи киназдаго лъала ва бихьана, хасго В. Путинида цеве вукIарав президентасул хьвада-чIвадиялдасан.**

Гьел соназ дун вукIана республикаялъул социалияб рахъалъ хьезариялъул министрасул хъулухъалда. Халкъалъе кьолеб пенсия ва лъималазе кьолеб пособие гьоркьоб къотIизабураб заман дида бихьун букIинчIо. Амма 1996 соналда гьеб кьолеб букIинчIо. Радал микьгоялда министерствоялде щолелъул, кодор ккун лъималгун гьенир ратулаан кваназе жо гьечIого, жидеца щиб гьабизе кколебин абун дида кIал гьикъизе рачIарал улбул. Федералияб бюджеталдаса бачIунеб гIарац гьезухъе щунгутIи дида яги республикаялъул нухмалъулезда бараб жо букIинчIо. Дол соназда цо моцIалъ гIицIго МахIачхъалаялда гIумру гьабун ругел пенсионеразе кьезе кколаан 21 миллиард гъурущ. Гьеле гьединал жал гьарулев президент вукIана нилъер. Халкъалъейин абуни гьеб букIана балагь.

ТалихIалъ, «пача» хисана ва дагь-дагьккун халкъалъе социалиябгун экономикияб рахъалъ бигьалъаби гьаризе байбихьана. Гьеб кинабго, гIумруялъ бихьизабухъе, цо чиясда бараб жо буго.

Гьединлъидал Россиялъул президент вищиялъул суалалъул багьа-къадар дагъистаниязда мухIканго лъала. Аслияб жо буго гьаракь кьолеб заманалда гъалатI ккезе тунгутIи.

Жакъа бакътIерхьул улкабаз, СШАялъул бетIерлъиялда гъоркь, хIаракат бахъулеб буго рищиязул заманалда Россиялда батIи-батIиял такъсирияБ ишал гьаризе, ричун росунги, батIи-батIиял гIадамал гьелде гъорлъе цIазе. Гьединал чорокал ишал гьариялъул рахъалъ гьезул махщелги хIалбихьиги букIин нилъеда лъала. Жиндир заманалда нилъер улкаялъе ва тIубараб социалистияб лагералъего гьез гIуцIана ракIгъанцIулеб мацIилаб кампания. Гьелъ нилъ тIамулел руго гражданлъиялъулаб ва политикияб цIодорлъи гьабизе. Гьединал жасусал гьоркьор раккани, гьезие букIине кколеб жавабги кьезе.

Гьединлъидал жакъа рищиязда хадуб жамгIияб хъаравуллъи букIинабиялъул мурадалда респубикаялда гIуцIун буго ЖамгIияб штаб. Гьелда жаниб буго экспертазул советги. Гьеб штабалъул член хIисабалда абила, нижеца хIалуцараб хIалтIи гьабулеб буго. Районазда, шагьаразда гIолилал ракIарулел тIадегIанал ва гьоркьохъел лъай кьолел идарабазда гьаруна ва гьарулел руго дандчIваял, республикаялъул телевидениялда тIоритIана пачалихъиял, муниципалиял ва жамгIиял гIуцIабаз гьаризе кколел тадбиразул бицарал «гургинал столал». Рищиязда участкаялъулал комиссиязда жамгIиял хъаравулзаби хIисабалда хIалтIизе ругел гIолилал хасаб программаялда рекъон цIализаруна.

Рищиязул суалалда хурхинабун буго РФялъул президент В. Путиница Федералияб Собраниялде гьабураб хитIабалда. ХIакъикъаталдаги гьеб буго Россиялъул тIолабго халкъалде гьабураб ракIрагьараб кIалъай. Дицаги мухIканго цIалана гьеб ва гьениб президентас рихьизарун руго нилъер гIумру лъикIлъизабиялъул мурадалда экономикаялда, политикаялда ва къватIисел улкабазулгун гьоркьоблъи цIуниялда гьаризе ругел чIванкъотIарал тадбирал. Гьесул батIияб бербалагьи буго Дагъистаналдехун. Гьев чанго нухалда щвана нилъер республикаялдеги. Гьеб киназдаго лъала ва гьелда тIадчIей гьабиларо. 2003 соналъул 8 сентябрялда В. Путин Москваялда дандчIвана Р. ХIамзатовгун. Гьес 2021 соналъул июлалда гъулбас гьабуна 2023 соналда поэтасул 100 сон тIубаялъул байрам ТIолгороссиялдаго кIодо гьабиялъул хIакъалъулъ хъвараб указалда гъоркь. Тадбирги тIобитIана тIадегIанаб даражаялда.

Россиялъул президент чанго нухалда дандчIвана ДРялъул бетIер Сергей Меликовгунги. Гьелъул хIасилалда цIикIкIунеб буго федералияб централъ Дагъистаналъе гьабулеб кумекги.

Гьеб буго республикаялде ва гьелъул халкъазде Россиялъул президентасул бугеб лъикIаб бербалагьиялъе божараб шартI ва щулияб нугI.

*З. ИЛЬЯСОВ*

# «ГІакъиласе щибаб къо къиямасеб къо буго»



Исана 70 сон тІубана шагІир, хъвадарухъан, таржамачи ва журналист ГІирбанил ХІажияс. Гьесулъ гьитІинго бижана адабияталде рокьи. Школалда цІалулеб заманалдаго хъвана гьес тІоцебесеб кечІги. ХІажиясул къалмикьа къватІибе ана І5 кучІдузул ва таржамабазул тІехь, басмаялда бахъизе хІадур гьабун буго харбазул ва шигІрабазул иргадулаб тІехьги.

- Щуабилеб классалда цІалулеб мехалда хъвана дица тІоцебесеб кечІ, - ан бицана гьес нижергун букІараб гара-чІвариялда. - Ахирисел классазда цІалулеб заманалда дида рекІехъего гІадин лъалаан Александр Пушкинил «Евгений Онегин» абураб кочІодалъун хъвараб романги Михаил Лермонтовасул «Мцыри» поэмаги. Дица ичІго класс лъугІизабидал, нижер Къорода росдал школалда, цІалдохъабиги дагъльун, анцІабилеб класс къана ва дун цІализе ана Гъуниб росдал школалде. Гьеб лъугІидал цІализе лъугьана ДГУялъул экономикияб факультеталде. Цинги хІалтІизе лъугьана Каспийскиялъул «Дагъдизель» заводалде. Гьениб тІоцебе лъай-хъвай ккана гІалимчи, академик Шамил ГІалиевасулгун.

ХІалтІаби, хъулухъал дица гІемер хисана, цо бакІалда гІемер мехалъ хутІулароан. «ХІакъикъат» газеталде корректорлъун хІалтІизе лъугьараб заманалда, дир захІматалъулаб дапталда 50 батІияб хъвай-хъвагІай букІана.

**- Гьанже кив хІалтІулев вугев?**

- Гьале кІиго сонги кІиго моцІги буго магІарул театралда хІалтІулев вугелдаса. Сордо-къоялъ вахтаялда чІезе кола, лъабгоялъ эркенго вукІуна. ЛъикІаб коллективалде гьоркьове ккеялдаса разигоги вуго. Баркала буго театралъул директор МухІамад БисавгІалиевасе, гьес восана дун хІалтІудеги, кІвараб кумек гьабуна ва гьабулебги буго.

**- Кинаб гьоркьоблъи бугеб диналъулгун?**

- Эбел-инсуца дида гьитІинго малъана как базе. Дида рачІел гІиллабазе гІоло, рачІого хутІарал какал ва кквечІел кІалал дица рецІула. Махраждалда цІалула Куръанги, дирго гІетІ тІун щвараб гІарцухъ борхана хІежги.

**- ЦІиял асаразда тІад хІалтІулев вугищ? Кида дур цІияб тІехь адабият бокьулезухъе щвезе бугеб?**

- Хъван лъугІун буго «Даимлъиялда мугъру» абун цІар кьураб кучІдузул ва «МахсутІги, Устарги, Достоевскийги» абураб харбалгун цолъизабураб тІехь.

**- Мунго хІалтІулеб театралъ лъолел пьесабазухъго балагьулищ?**

- КечІ-бакъан хирияв чи вуго дун. ГьитІинго ругьунлъана мандолина хъвазе ва магІарул бакъназда гьеб хъентІезабизе. Дицаго бахъана кІиго бакъанги. Нилъер театралъ лъолел пьесабазулги хІисаб гьабула дица.

Жинцаго бицараб ритІухъ гьабун, ГІирбанил ХІажияс нижееги рачана панаял бакънал ва ахІана ЦІадаса ХІамзатил «Грузия» абураб кечІ. Гьелъие бакъан хъварав чи ккола АхІмад ЦІурмилов. Гьединго бачана жинцаго бахъараб кІиго бакъанги.

ГІурусаз абула цо гьунар бугев чиясулъ чанго гьунар тІатунилан. Гьелъухъего, БетІергьанас чанго гьунар кьурав чи вуго Къородаса ГІирбанил ХІажияв.

*Шарапудин СУЛТІАНОВ*

# Дун Поэзиялъул пьедесталалда

Дун Поэзиялъул пьедесталалда,
Дирго борхалъуда вахъун чІун вуго.
Ва гамачІ бортизе гьечІин гьелдаса,
Вулканлъун сверухъе валагьун вуго.

Гьел-гьал замзаевaз, зузудиновaз
ГьищтІунин, тІутІунин дун вихxилaро.
Ва Дагъистаналъул Издевательство
АскІобго чІеларо, рохъо лъугьинин.

Дун вукІина цохІо, дирго гІищкъугун,
Яги щвалде щвечІеб, я гьелегьараб.
ГІищкъу дир букІана ритІухълъиялде,
«Ри» ги «ХІи» ги нахъчІван хъвадарилде.

ЛъугьинчІо рокьиги ракьалда дирги,
Лъугьарал килщаца рикІкІунев вуго.
КІудиял рагІаби, гІиссинлъи беццун,
ГІадада гІодоре дица тирщичІо.

«Рохел лъиегоян!» ахІи буго дир,
АхІвал-хІал роччарал хъахІил зобазукь…
Цере руго тІогьал, рахине кколел,
Халкъалги, арзалда цІунизе кколел.

КІудияб масъала – ракьалда гІумру;
Дуца хІадур гьабе гьеб борхизе яхІ.
ВукІунге ганчІида памятник гІадин,
ВукІа мун вулканлъун, квешлъи бухІулеб.

Дицаго диего, мунги кантІизе

Вуго гьадинав чи дуниялалда,
ГІирбанил ХІажияв абулев инсан.
Гьесий хирияб жо буго къагьва-чай, -
Къойилго цІализе литература.

КъватІул харбазулгун гьудуллъи гьечІо,
Гьединал жиндирго дагьлъичІониги.

ДагІват гьабизеги гьев гІурав гьечІо,
Мажгитазде цо-цо хьвадананиги.

Гьенир сванхолеца, парз лъугІун чІарал,
РецІун какал разе гьав толев гьечІо.
Эвакуаторал гьел рачинеги,
Гьасда ратуларо, кин тираниги.

Толелищха гьедин рецІичІел какал -
Гимнастика рекІей ва гІумруялъе.
Йохъилан кІалъала живго жиндаго,
Налъи бецІизе кІвей кІудияб ишин.

Авар театралда вахтёрлъун вуго,
Мандолина хъвала лъарагІазулъуб.
Гьанже цо гьайбатаб тІехьги бахъани,
Гьасул цІарго ина цІвабзаца босун.

# Цо мусанипасе, росулъа щварав

Росулъа вачІарав чи, чирахъ гІадин щай гьечІев,
ШайтІан-чирахъ гІадин щай шагьаралда бецІлъулев.
БацІица чІвараб чахьдал тІом гІадин щай вихьулев,
ТІомотІа лъураб бугьил бетІерлъун щай халлъулев?

ТІадмагІарулав вукІин накІкІазищха бицинеб,
Дуда тІад тІупун лъурал, дорасанго рачІарал.
Щай шагьаралде дуца пиридул цІал босичІеб,
Гьаниб бугеб капурлъи капутилан бухІулеб?

Бох-квачІ цебе лъуразул боял ругин ризлъулел,
Батулареб рагІи щай дуца гІадалъ хьихьулеб?
Бусадаса гьабсагІат тІаде рахъарал гІадин,
БотІрол расалги гьазул мугъалдасан чвахулин.

Россиялъул мусудул аслияб куцалъ гІадин,
Цо «гьужумалъ» инейищ ал къватІире рахъарал;
Гьужум – гьал бихьиназде, зина берзул бергьине,
ЩайтІадул хІал бохизе, шаргІалдаса руссине.

Шагьаралде щварав чи, - дунни гьанив къан вугин,
ВечІай дурги бихьун дун хьуцІилъейищ кІанцІилев.

Я лъачи, гьечІеб кин чІанкІ, гьаб дир ракІги бохизе,
МагІарул гІанчІаб гІорул гьечІеб кин аваданлъи?

Дунни кочІоца ворхун квачІ зодобеги балев,
Дица дунго толаро туртида лъезе векалъ.
Гьаб гьаркьахунеб гІалам, пикруялъе кьаллъараб,
Кьварараб речІчІе рагІи ияхІ гьечІезул кІалдиб.

Гьадин руцІцІухІун чІани, лъадаца ганчІал гІадин,
Нилъ рацила щалаялъ, щалан кІоченеб хІалалъ.
ЦІакъ нахъе ккун буго халкъ, телевизорги къан ккун,
КІалдиб лъим ккурабгІанги гьелъухъ балагьун сихІтун.

СунтІ сунтІунги, чІетІ гІадин тирхичІого вукІунге,
РитІухълъи, битІараб нух гьетІ-зазил цІезабуге.
Гьерсида нух тезабе, мацІгун бугьтан бачахъе,
Дур къуват бугоха, ле, кьарнабазеги гІураб.

Борохь къвалакь чІинтІарав кІикІунисев гІадин щва,
Хунзахъе Хучбар гІадин, цІа хІинкъиледухъ, вачІа.
Дуй мисалал рохьгІанги, дица малъичІониги,
Макьихизавун дунгун, щай дуй сапарал рухьун?

* * *

Васият хъванила поэтессаялъ,
Поэтасда аскІой юкъейин абун.
ЮкъичІила, - диналъ любовницаби
Гьесда аскІор рукъи гьукъараб бугин.

* * *

* * *

Гьабго кинаб заман; квен-тІехалъулищ,
Я квен-тІехьалъулищ? – ТІохол батила.
ТІех бугони гІолин, тІехь хІажат гьечІин,
ГІемераз абулеб рагІана дида.

* * *

* * *

МацІ лъай гуродай талихІ; -
МацІ лъала гІумру бихьун,
МацІ лъала гІумру бичІчІун,
МацІ буго жибго гІумру;
ГІумру гьечІони гьечІеб.

## ГъазимухIамад ГЪАЛБАЦIОВ

# Йоял, баркула нужеда!



ГIандисей.

Камил Чутуевасул сурат



Рочиса (Арчиб) Зульмира МухIарамова.

Камил Чутуевасул сурат

Хириял руччаби, нужеда киданиги ракIалде ккезе бегьуларо цохIо 8 марталъ гурони бихьиназе нуж рокьуларилан. Рокьула.

Нижеца киданиги инкар гьабичIо нужее бихьиназда ращадал ихтиярал кьезе ккелин абураб рагIудаса. Киданиги махIрум гьаричIо нуж суркIа-щурун чуриялдаса, ретIел-кун букъиялдаса, рукъ лъухьиялдаса – нужее бокьа-бокьараб гьабизе риччан тун руго. Кинай чIужугIаданалда абизе кIолеб, рос вачIун вукIанин цогIаги нухалъ гIака бечIчIизе дун виччаян гьарун? ВачIунаро. Бихьиназда цIакъ лъикI бичIчIула нужехъа ихтиярал рахъани, нуж мекъдарулеллъи. Нуж мекъдаризе лъугьани – гIазанАллагьха!

Нуж мекъдаризе бегьула 8 марталъ… Нагагьлъун рос вачIани рокъове тIугьдулги росун – мекъдаре. Дуе херги босун вачIине ккани, асда мун щиийлан ккарай? Цоцоялъул рокъове бетIергьанчи вачIине бегьула батIи-батIиял махIал ругел лъиналги росун. «Туда-сюда» - илан тIирун чIа мун, лъикI мекъдаре. Эсали дуда духи бугилан абила… Амма щиб лъалеб щиб эбали?

Бихьиналги киналго гуро лъикIал рукIунел, гьезда гъорлъги ратула гIинда разе жал росулел, бирллиантал сайгъат гьарулеб «порода». Нуж къуркьуге! Цо гIилла гьечIого нухде рехун мохмох букIунаро, - ян абун буго цараца, - чIалгIаде дур гIинда цIумур баларо. Кие-кие мун унеяли лъазе бараб батани – лъугIана гурищ дур иш!

ХIасил-калам, 8 март буго, хириял руччаби, ургъунго илбисалъ нужер хIалал рихьизе кьураб къо. Илбисалъул хIалтIи гуреб батани, щайха гьеб къо, битIун чорхолъ би гьалаглъулеб заманалъ, ихдал кьураб? Нуж къамартIе!

Амма, гьари буго – гьадинаб къоялъ гуреб кида гьарилеб, - микьабилеб марталъ гурони мекъдаруге. ЛъагIалил хутIанщинал къоязда зама-заманалдасан нижги тохлъизарун гьиме, хьандолеб мехалъ квешабщинаб рагIи тIаса бищун абичIого, цо-цо магIна бичIчIулареб рагIиги биччай цадахъ. Росас ццин бахъинабун бугони, гьесул гIадалъ гIеретI балалде, гIертIиниб лъим бугищали хал гьабе… ХIиса-хIисаб гьабе… Росасдаги бокьа-бокьараб жо гуро речIчIизе бегьулеб, кодобе босизе кIолеб букIунилан.

Нужеца абула бихьинал гIантал жал рукIунилан. Ругоха, нижер дагIбаго гьечIо. ГIантал ниж рукIунлъидал нижеца аб къохьол дуниял бихъ-бихъун балеб бугеб – нужеца букъе. Нужги нижеда релълъун аб бихъ-бихъизе лъугьани, нилъер лъималазе жого хутIиларо, гури? Гьеб гуребги, нижеда гIадин махщалида бихъ-бихъун базе нужедаги кIвеларо, нужехъа гIадин бихъараб щинаб бакI букъизе нижехъаги бажариларо. Бажараниги бихьиназда рекъон гьечIо, гIемер къеркьон щвараб, ихтияр нужехъа бахъизе…

Гьединлъидалин, хириял руччаби, щибаб соналъ бихьиназ, сахабщинабги нужее гьарун, нужее кIудияб баркалаги кьун, гIодор ккезегIан паразникI чурулеб.

Сахлъи кьеги нужее къохьол дунял букъизе!

*07.03.92*



Мусаясул Халилбегил сурат



Мусаясул Халилбегил сурат

ХIАКЪИКЪАТ

**БетIерай редактораъул ишал тIуразарулей**
ХIАЖИЕВА Зульфия Багъатаровна
65-00-66

**Заместителал**
Зикрула ИЛЬЯСОВ
Темирхан ХIасанов
(На общественных началах)

**Жавабияв секретарь**
МухIамадхIабиб МАХIАТIОВ

**Отделал:**
**Тарих**
Редактор:
Пайзула ПАЙЗУЛАЕВ

**Информация, политика, гIелму ва лъай кьей**
Редактор:
**Кавсарат Сулейманова**
Ашахан Юсупов
Рукъият ГIалисултанова

**РухIияб хазина**
Редактор:
**ПатIимат ГьитIинова**

**Адабият**
Шамай Хъазанбиева

**Росдал магIишат**
Редактор:
**ГIабаш ГIабашилов**
МухIамад Манапов

**Районазулгун бухьен**
Редактор:
**ПатIимат МухIамаева**
ПатIимат СултIанмухIамадова

**ЦIалдолезул кагътал**
Нури Нуриев
ГIайшат ХIалакъова

**Корректор**
Хадижат Дамаданова

**Социалиял гьинал, IT-технологиял**
МухIамадкарим ХIамзаев
Мадина ХIажимаева
Хадижат Арчамова

Электронияб почалъул адрес:
**hakikat1917@mail.ru**

**www.hakikat.info**

Заказ №____

Печаталъе гъулбасана - 20.00
Гъулбасана - 19.00

**РЕДАКЦИЯЛЪУЛ ВА ИЗДАТЕЛЬСТВОЯЛЪУЛ АДРЕС:**
367018 МахIачхъала, Насрудиновасул проспект, 1-А

Газета къватIибе биччана «Лотос» басмахана» ОООялъ
367000, МахIачхъала
Пушкинил къватI, 6

«ХIАКЪИКЪАТ» ГАЗЕТА ГIУЦIАРАЛ:
ДРялъул Информациялъулгун печаталъул агентство

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД от 21.05.2019 г.
Регистрационный номер ПИ № ТУ05-00427

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, балъголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Редакциялъ кидаго гуро макъалаялъул авторасул пикру гIахьал гьабулеб

**Тираж - 5009**

Газеталъул индекс: 51314 (бащдаб лъагIалие)

Багьа 15 гъурущ

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гъоркь: «Заман», «Аваристан», «ХIалтIулел чагIи», «БагIарал мугIрул», «МагIарул мискинзаби», «МагIарулав», «Социализмалъул байрахъ», «МагIарул большевик», «Дагъистаналъул правда», «БагIараб байрахъ».